


VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHINA

 ...zvekuziva zvakawanda pamusoro paIshe vedu vakaropafadzwa. Uye ndicho chinangwa chedu—chedu chekuungana pano, ndeche chinangwa ichocho, uye, zvino, nekunamatira vana vaMwari vanorwara. Uye mangwanani ano tava neropafadzo ri—rinoshamisa kubva muMagwaro.

² Tiri kuedza kutora, nguva yega-yega yeshumiro, chikamu che... Ndiri kudzidzisa muBhuku raVaHebheru, ndanga ndiri, kwemavhiki mashoma apfuura zvino. Uye zvino, kana Ishe vachitendera, tichaenderera mberi neChitatu manheru, uye neSvondo mangwanani neSvondo manheru, toenderera, chero bedzi ndichange ndiri pano munguva ino. Kwete rumutsiro, asi rumutsiro, musangano pahusiku hwedu hwenguva dzose. Uye saka tiri kunyanya, kufara chaizvo kuva nenguva ino yekusangana neshamwari dzedu dzakanaka kwakapoterredza mumaguta, nekwapoterredza mumaFalls Cities muno. Uye kana—kana zvikaitika kuti tazoakanzura kana chimwe chinhu, zvingadaro kuti Ishe vanogona kutitungamira, munguva pfupi, kune... pamwe tinogona kuve nehuisiku hushoma, pamwe, mujimu kana chimwe chinhu, mushure mechinguva, kana Ishe vachiita sevanotungamira nenzira iyoyo, kunzvimbo yatinokwanisa kuunza vanhu vedu pamwe chete.

Uye takaona vanhu sevaiuya, vachidzokera, vachiti, “Makanga musina nzvimbo yeku—yekupinda mukati.” Nekuti, tabhanakeri idiki zvakanyanyisa. Inongogara vanhu vashomanani, kwazvo, uye tiri kungofara chete kuti munoda kuuya uye nekugara munopisa, kuti munzwe Shoko raShe. Uye tiri kunamatira kuti Mwari vakuropafadzei zvakapfuurira, zvakanyanya uye kuti vakubatsirei.

³ Uye zvino, manheru ano, tinoda, tiri kutanga pane chechi 4... Vangani vanga vari pano mangwanani ano? Ngationei maoko enyu. Oo, zvakaivonaka, mese zvenyu tingati. Uye tiri pana, kutanga pana, chitsauko 4 cheBhuku raVaHebheru. Oo, iBhuku rinoshamisa zvakadii! Muri kufadzwa naRo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Uye kuenzanisa Gwaro neGwaro.

⁴ Uye Pauro, asati ambopupurira kune chiitiko chake, akatanga adzika zasi kuArabia kunotsvaga kunzwisisa, neShoko kana chaive Chokwadi. Ndinozvifarira izvozvo. Uye chidzidzo chamangwanani ano, tazona, mukudzidzisa mangwanani ano, kuti Kristu aiva mumwe chete zuro, nhasi,

nekusingaperi. Zvino Pauro akaona kuti Shongwe yeMoto imwe chete yakatungamira vana veIsraeri, yakanga yasangana naye munzira inoenda kuDhamasiko. Takaona kuti Shongwe yeMoto, yakatungamira vana veIsraeri kubuda murenje, kuenda kunyika yechipikirwa, yakasangana naPauro munzira yekuDhamasiko, uye ikaZvidaidza kuti, “Jesu.”

⁵ Tinobva ipapo taziva Humwari chaihwo hwepamusoro hwaJesu Kristu. Bhuku rese pano chizaruro bedzi chaJesu Kristu. Zvino Akauya, tinoona kuti, “Munguva dzakare uye nenzira dzakasiyana, Mwari vakataura kumadzibaba kuburikidza nevaporofo; mumazuva ano ekupedzisira kuburikidza neMwanakomana waVo, Kristu Jesu, Vakazvizarura pachaVo.” Uye Bhuku kubva muna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa hapana chimwe chinhu kunze kwechizaruro chimwe chete chinoramba chichenderera mberi, chisingaperi, chaIshe Jesu.

⁶ Uye tinoona kuti ndiYe waCho aive mugwenzi raipfuta. Tinoona kuti ndiYe waCho aive naMwari nyika isati yavambwa. Uye tinoona kuti, muTestamende Itsva, Aive Mwari neMunhu, pamwe chete. Uyezve paAkasiya Testamende Itsva, kuti aende Kudenga, Akati, “Ndakabva kuna Mwari, uye Ndinodzokera kuna Mwari.”

⁷ Uye zvakare Pauro paakasangana naYe, Aive muchimiro chimwe chete chaAive paAkatungamira Israeri, Shongwe yeMoto. Uye Pauro akaMutarisa kumeso chaiko, asina kutendeuka, zvino zvakamuita kuti ave nedambudziko remaziso mazuva ake ese. Akaita bofu, uye kwemazuva akati kuti aisakwanisa kuona kana chinhu zvachose. Akatozotungamirwa kumugwagwa unonzi Wakatwasuka.

⁸ Zvino Mwari vaiva nemuporofo zasi ikoko waVakataura naye, ainzi Ananiasi, uyo akauyamo, kubudikidza nechiratidzo, uye akaturika maoko ake pamusoro paPauro, ndokuti, “Hama Sauro, gamuchirai kuona kwenyu.”

⁹ Zvino tinoona, ipapo, kuti Mweya Mutsvene mumwe chete iwoyo, Ishe Jesu vamwe chete ivavo, vakauya kuna Petro muchimiro cheChiedza vakamununura kubva mutirongo.

¹⁰ Uye tinoona kuti Ishe Jesu vamwe chete ivavo, mumazuva ano, vachiri muShongwe yeMoto iyoyo (Chiedza) iri kutungamira vanhu vaVo (Chechi yaVo), kuita zvimwe chete, kupa zviratidzo; vachiuya nekurika maoko pamusoro pevanhu, nechiratidzo. Ishe Jesu, Vakasangana mangwanani eSvondo yapfuura kumba, uye vakati paive nemurume aiuya, aive nebvudzi dema, rakange rave kuchena. Akanga ari muGiriki. Mukadzi wake aive wezera repakati-nepakati, uye aizonge achichema paartari.

¹¹ Vamwe vavo vakanga vazvitauro, uye vachiziva kuti zvaitika. Aive zvese akaremara, tsi—tsinga inobatsiridza

kuti amire yemumusoro wake yakanga yakafa. Aisagona kana kufambisa tsoka dzake kana mitezo yake. Uye aive bofu. Uye kuzviita humbowo hwakapetwa kaviri: ndaive nemudzimai mudiki akauya kuzonamatira vanorwara, kutanga, akabva atendeuka ndokuti Hama Thom vauye vanamate. Uye isu, takagara pano, tichizvitarisa zvichiitika. Zvino ipapo ndakabva ndadzika zasi ndokunamatira vanorwara, ndikafamba ndichidzoka. Zvino mudzimai akauya, chaizvoizvo zvakanyatsoenderana nechiratidzo, ndokundibata paruoko ndokutanga kuchema, ndokuti Chiremba Ackerman avatumira kuno. Chiremba Ackerman ishamwari yangu yepamoyo, muKatorike. Mwanakomana wake mupristi mumusha wevapisita ku—kuSaint Meinrad, uye zasi muIndiana. Zvino murume uyu aibva kuJasper. Zvino Ishe vakamupodza, kubva muchigaro ichocho. Akasimuka ndokufamba. Aigona kuona zvakanaka semumwe munhu wese. Ndokubuda muchivakwa, semunhu wese uye apodzwa zvizere. Zvese nechiratidzo!

12 “Hama Sauro, Ishe Jesu vakauya kwamuri munzira, vandituma kuti nditurike maoko angu pamusoro penyu, kuti mukwanise kugamuchira kuona kwenyu uye muzadzwe neMweya Mutsvene.” Zvinoshamisa.

13 “Zvino tinozoona, tichiona kuti tine ruponeso rukuru urwu, hatifaniri. . . Hatikwanise kupunyuka mirango nehasha dzaMwari, kana tikashaira hany’n’a ruponeso rukuru rwakadai.”

14 Zvino tichatanga kuverenga, manheru ano, pose, uye kutanga chitsauko 4 cheBhuku raVaHebheru. Kana paine munhu anoda kutevera pamwe nesu, tine mamwe maBhaibheri pano. Kana vachida rimwe, handiti, mumwe wemaasha achariunza kwamuri, kana mukasimudza ruoko rwenyu, maBhaibheri aya—aya. Kana imwe yehama pano ikatora. . . Pane maBhaibheri maviri agere apo, ndinotenda.

15 Uye zvino tichakurumidza, nekuti tine chirairo mushure mechinguva. Uye patinopedzera manheru ano, Chitatu manheru tinotanga zvakare. Zvino, ndinotenda, mangwanani ano mukuverenga kwedu, tatangira pandima 15.

16 Mumwe munhu, pamwe haandizive ndichipfeka magirazi, ekuverenga nawo. Ndava kuchembera. Uye ndichiri kugona kuverenga, asi handikwanise kuzvitora nekukurumidza, kunyanya pandinenge ndine zvokuverenga zvine mavara madiki pano, zvinyorwa zvine mavara madiki.

17 Zvino ndakaenda kunoongororwa maziso angu, kuti ndione kana ndaive ndiri kurasikirwa nekuona kwangu. Maziso angu aive gumi-gumi. Akati, “Asi wapfuura makumi mana, mwanakomana.” Aive nechinhu chekuti ndiverenge, akati, “Tanga kuverenga izvo.” Ndakazviverenga. Zvino ndakaramba ndichiswedera pedyo, zvakaramba zvichinonoka nekunonoka. Zvino zvakazosvika pakaita *seapa*, ndakamira. Akabva aisa

uko pegumi-gumi, ndaigona kuzviverenga chero papi. Asi akati, “Zvazviri, kana uchinge wadarika makumi mana, mabhora emaziso ako anotanga kuti pwasharara.”

¹⁸ Zvino, ndinogona kutsinzinyira maziso angu ndigoverenga pedyo neni *zvakadai*, asi unofanira kutsinzinyira. Saka, akangondigadzirira magirazi. Ndinokwanisa kuzviona, chero kupi hako, kana zviri pedyo-pedyo neni. Zvino, kana zvava kure neni, handigone kuona zvachose nezvinhu izvi. Asi ndinozviverenga, kuverenga kubva apa nemagirazi.

¹⁹ Zvino, mangwanani ano, tanga tiine chikamu chekupedzisira chechitsauko 3 cheVaHebheru. Uye, oo, mabwe akapfuma sei atinowana! Zvino teererai, ndinoda kuverenga zvakare, kuti tiwane nheyo zvino. Kwete kutaura nezvazvo, asi kungoita sekupfuura nepazviri zvishoma.

Zvichiri kunzi, *Nhasi kana imi...muchinzwanzwi rake, musaomesa moyo yenyu sepanguva yekutsamwisa.*

Nokuti vamwe, ivo, vakanzwa Shoko, pava kanga vanzwa Shoko, vakamutsamwisa: zvisinei havazi ivo vose vakabva Egipita naMosesi.

²⁰ Zvino, mazviri, mangwanani ano, tinoona kuti Akati, “Musaomese moyo wenyu zvino, semumazuva ekutsamwisa.” Ndipo pava katsamwisa Mwari akagumbuka, nekuti Vakange vavapa Mosesi, muporofita waVo, uye nechiratidzo chaive naMosesi. Vangani, vekirasi manheru ano, vanoziva kuti chiratidzo ichi chaive chii? Shongwe yeMoto, VaHebheru 13.

²¹ Zvino, hatizive kuti unganano yakaona chiratidzo ichocho here kana kuti kwete. Asi Mosesi akaChiona, nekuti Mosesi akatanga kusangana naVo mugwenzi raipfuta. Vaive Moto. Uye vana veIsraeri vakateerera Mosesi, vakabuda muEgipita. Zvino pava kangobuda muEgipita, Mwari, takaona kuti, vakavatungamira chaimo mumuteyo. Uko, hondo yaFarao yaive iri kumashure kwavo, Gungwa Dzvuku kumativi ese, zvino Mwari vakavaisa pakuedzwa; zvino vakatya. Zvino zvakatsamwisa Mwari. Vakati, “Sei uchichema kwaNdiri?” Vakati, “Ingotaura uende mberi.” Ndinozvifarira izvozvo.

²² Zvino, vaitevera Mosesi, apo Mosesi aitevera Shongwe neGore, zvino vaive munzira yavo kuenda kunyika yechipikirwa. Mufananidzo wakanaisvonaka weChechi, manheru ano, munzira yedu kuNyika yechipikirwa, ichitungamirirwa neMweya mumwe chete, zviratidzo nezvishamiso zvimwe chete sezvakataurwa naMwari.

²³ Zvino cherechedzai. Zvino, vakasvika kuRenje reSini. Mvu—mvura yakanga iri “kuvava,” *Mara*. Sei Mwari vakavatungamira kumvura dzinovava? Zvinotaridza kunge vangadai vakavatungamira kumvura yakanaka. Asi Vakavatungamira kumvura dzinovava kuti Vagoedza kutenda

kwavo. Vanofarira kuzviita. Vanofarira kurega matambudziko achiuya pauri, voratidza kuti Vanogona kukuratidza rudo rwaVo nesimba raVo. Ko sei vanhu, nhasi, vasingatendi muna Mwari vanoshanda neminana, panouya matambudziko, vanongokanda mapfumo pasi voenderera mberi? Asi isu tinotenda kuti “Mwari vanoita minana.” Havagoni . . . Mwari vane . . .

²⁴ Teereraizvi kune izvi. Kana Mwari vakasaita zvimwe chete, panosimuka mamiriro akafanana, zvino Mwari vane mhosva yekusarura pavanhu vaVo. Kuzvitongera kwaMwari kunoVamanikidza kuti vashande mune chinhanho chegachega sezvaVakaita chinhanho chekutanga, kana kuti Vakange vakanganisa paVakashanda pane nyaya yekutanga. Kana Mwari vakasaita nenzira imwe cheteyo yaVakaita pane nyaya yekutanga, kana Vakaita zvakasiyana pane nyaya yechipiri, saka Vakaita zvisirizvo paVakashanda nenyaya yekutanga. Kana Mwari vakapodza vanorwara muTestamende Yekare, Vanofanirwa kuzviita muTestamende Itsva uye nanhasi, kana kuti Vakakanganisa paVakavapodza kumashure uko. Vanofanira kuita zvimwe chete, nguva dzose. Uye Vachazviita, kana kutenda kumwe chete kuchinge kwasangana nemamiriro mamwe chete. Mhosva iri matiri, kwete muna Mwari. Nekuti tinoVaona pane vamwe, uye nevazhinji, vachiita zvishamiso zvikuru zvinoshamisa. Tinozviziva. Mutsoropodzi haagoni kuti, “Hazvina kudaro.” Nokuti tinoZviona zvichizviratidza, uye hezvoka izvo.

²⁵ Vaigara vachiti, “Ndiratidze chishamiso.” Havachagona kuzvitaure zvachose. Sainzi haichagoni kuzvitaure zvachose. Tinogona kunyatsoratidza kune nyika yesainzi. Uye nyika yesainzi yakapupura kuti Chinhu ichocho chemweya, chiri muchimiro cheShongwe yeMoto, chine. Heuno mufananidzo waKe, pano chaipo, uye mumwe wakaremba muWashington, DC, manheru ano. NdiKristu mumwe chete.

²⁶ Naizvozvo, kare, hama dzangu dzinoshumira dzaigara dzichindiudza, “Oo, Hama Branham, ndidhiyabhore. Musatambe nazvo.” Zvakandityisa.

²⁷ Uye handaizviparidza kusvikira Mwari vauya uye vakazvizarura, kuti, “Ndiye Jesu mumwe chete, mumwe chete Iyeye.” Oo, zvino edza kuzvizunza kubva mandiri? Hazvigone kuitwa. Nokuti, iGwaro. IShoko raMwari. Hachisi chitiko chakangoregedzeka. Chitiko chakatsigirwa neShoko raMwari uye nevimbiso yaMwari Yekusingaperi yakaropafadzwa.

²⁸ Zvino, tinocherechedza neche apa, zvino, kuti Vakataura.

Nokuti vamwe, pavakanzwa, vakamutsamwisa: . . .

Zvirokwazvo. Vakaneta, nguva dzese pavaisvika panzvimbo paiuya mangange. Zvino vaizoitei? Vaigumbuka, uye voneta, uye voda kudzokera, uye, “Sei izvi zvaitika kwandiri?”

²⁹ Chinhu chinoshamisa, mangwanani ano, mushure mekuzviparidza zvakangoomarara sezvandakwanisa, kune vazhinji vauya kuartari vakaZvibvunzurudza, “Sei izvi zvichiitika kwandiri?” Munoono kuti Zvinofamba sei? Zvinoenda nepamusoro pemusoro wevanhu. Vangori vanhu, vamwe chete.

³⁰ Jesu akati, “Mune maziso, asi hamugone kuona.” Akazvitaura kuvadzidzi.

³¹ Vakati, “Tarirai, zvino Mave kutaura zvakajeka. Zvino tinotenda. Hakuna munhu anoKuudzai chero chinhu, nekuti Mwari vanozviratidza kwaMuri.”

³² Akati, “Munotenda here zvino, mushure menguva yese iyi?” Maona?

³³ Haufanire kubvunza chero chinhu, kuna Mwari. “Nekuti tsoka dzevakarurama dzinotungamirirwa naShe.” Uye muedzo wese unoiswa pamusoro pako, kuti ukuedze. Zvino Bhaibheri rakati, “Yakanyanya kukosha kwauri kupfuura ndarama.” Saka kana Mwari vanorega matambudziko mashoma akareruka achiitika kwauri, rangarira, ndeekukugadzirisa. “Mwanakomana wese anouya kuna Mwari anofanira kutanga arangwa naMwari, uye ogoedzwa, odzidziswa semwana.” Hakuna anosiwa. “Mwanakomana wese anouya.” Uye matambudziko aya anoitwa, anounzwa kuona kuti uchatora maonero akaita sei. Maona? NdiMwari, panzvimbo ino yekuedzwa. Ndizvo nyika yose, ndiyo nzvimbo yekuedzwa, uye kwaVari kuyedza kukuedza.

³⁴ Zvino teererai, tichienderera mberi. Uye ndoda kutora chikamu chekupedzisira chacho.

Uye wakapika *pamusoro pavanaani kuti havangapindi muzororo rake, . . .*

Zvino, ndipo patiri kuuya, manheru ano.

. . . muzororo rake, asi kune avo *vasina kutenda?*

Zvino tinoona kuti vakanga vasingagoni kupinda . . . nekuda kwekusatenda.

³⁵ Zvino, chii chinonzi chivi? Kusatenda. Mwari vakanga vauya kwavari, muShongwe yeMoto; vakatuma muporofita waVo, ndokumuzodza, vakamupa zviratidzo zvekuita pamberi pevanhu. Uye zvakare Shongwe yeMoto, kubudikidza nemuporofita, ndokuvatungamira kubuda. Mamiriro ezvinhu ese avakasvika kwaari, vakatanga kugununa nekutaura kamhosho kadiki kese kavakawana pana Mosesi, ndokutanga kupopotedzana nekutaudzana naye. Zvino Mwari havana kufadzwa, nekuti Vakati vakanga vari kutadza.

³⁶ Vaifanira kunge vakateerera. Asi, pachinzvimbo cheizvozvo, ivo vakateerera kune zvepfungwa, “Ko zvingadaro sei? Zvinhu izvi zvingave zvakadaro sei?” Kana Vari Mwari, zvese

zvinogoneka. Uye Vachaita kuti zvinhu zvese zvishande pamwe mukunaka kune avo vanoVada.

³⁷ Zvino tiri kupinda muchidzidzo chikuru pano, chinova, pamusoro pe “Zororo,” *sabata*. Zvino, vaive vafambi murwendo rwavo. Maona? Vakambenge vari zasi kuEgipita, makore mazana mana, uye muhutapwa. Uye zvino vainge vari kuburitswa nezvishamiso zvaMwari, maererano nevimbiso yaVo. Uye vaive munzira yavo kuenda kunyika yechipikirwa. Zvino pano Chiedza chemweya chinouya, pakati pavo, zvino ndokutanga kuvatungamirira.

³⁸ Zvino, mumwe munhu aiti, “Zvino, tarisai pano, Mosesi uyu ndianiko? Ndiani akakuita mutongi pamusoro pedu? Hausi mumwe wedu here? Ndiani akakuisa zasi kuno kuti uye mukuru wedu? Unofunga kuti unoziva kupfuura mufundisi wedu? Unofunga kuti unoziva kupfuura zvinoitwa nemuprisita? Unofunga kuti waka—wakangwara kupfuura zvakaita varume vedu vechitendero, vezuva rino?” Izvozvo zvaive zvisinei nechinhu chekuita nazvo.

Vaive Mwari, muShongwe yeMoto, vachisimbisa kuti Vaive mukufamba. Hazvina kuita kana musiyano upi zvawo kuti ndiani aive akangwara uye ndiani aive asina kungwara. Vaive pfungwa yekutevera zvaive zvakaiswa naMwari pamberi pavo.

³⁹ Handiti, Mosesi, kana zviriv zvepanyama, akaita chinhu chehupenzi paakaedza kudzikinura vana neShoko raMwari, achitora boka revanhu kunze murenje. Paakanga aine yake . . . Handiti, ndiye aive mugari wenhaka kune zvese zvavaive nazvo. Akakunda, mauto ese akambovepo, pasi rese. Uye hepano paakanga ari, mukuru wemauto mukuru. Uye danho raitevera, aizove mambo, Farao weEgipita. Handiti, angadai akangosvika pachigaro, zvino oti, “Zvakanakai, vana, dzokerai zvenyu kumusha kwenyu.” Zvatoringana; akanga ari Farao. Asi Mosesi . . .

⁴⁰ Oo, hezvinoi izvi. Mosesi, *nekutenda*, akaona vimbiso yaMwari. Zvino Mutumwa waJehovha akauya kwaari, uye akaziva zvakanakanda nezvaMwari, mumaminitsi mashanu muHupo hweMutumwa iyeye, kupfuura zvaakadzidza mumakore makumi mana nevadzidzisi vemuEgipita. Aiziva kuti Aive. Akaona chemweya chichiitwa.

⁴¹ Akati, “Ndichava newe, Mosesi. Ndichaenda mberi kwako.” Zvino vakanzwisisa. Uye Vakamupa zviratidzo zvekuita.

⁴² Zvino, vaive munzira yavo kuenda kunyika yezororo. Mwari vakavapa zororo, nzvimbo yavaisazofanira kuve . . . vatariri vebasa pamusoro pavo, vovatinha, vachivaita kuti vaite zvinhu.

⁴³ Mufananidzo wakanaka zvakadii nhasi, kana tichitarisa kune chechi uye toona chechi iri muchinhano chayo. Munhu wese akazvarwa neMweya waMwari anozvidza nyika, “Uye kana uchida nyika kana zvinhu zvepanyika, rudo rwaMwari

harutombove mauri.” Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Uye mufambi chaiye, munzira yake, anotongovenga zvinhu zvemunyika. Anovenga kuona varume vachinwa. Anovenga kuona varume vachiputa. Anovenga kuona vakadzi mumugwagwa, vakapfeka mbatya diki idzodzo dzakasviba. Anovenga kuona mabunco nemitambo yemakadhi.

⁴⁴ Zvino nezuro, apo Hama Tony...kana kuti Hama Wood neni tainge tichiuya nemumugwagwa, uye vamwezeve, vamwe vevarume...Paive nemudzimai mudiki imomo muLouisville, aiuya achidzika nemugwagwa, mudzimai mudiki anotaridzika zvakanaka, aine hembe dzaakapfeka dzainyadzisa; dzakangoti kwirei zvishoma muhudyu, nekari bhoni kadiki kakasungirwa pahudyu dzake, kune mativi ese, nekachidimbu kemucheka kadiki-diki kedenderedzwa kumberi kwake, uye kakasungwa netambo kumashure. Achifamba achidzika nemugwagwa, zvinonyadzisa, uye murume wese mumugwagwa achimutarisa. Ndikati, “Haazive kuti ane mhosva, pamberi paMwari, yekuita hupombwe nemurume wese aimutarisa nenzira iyoyo. Uye achapindurira pazuva rekutongwa nekuita hupombwe nevarume ivavo.”

⁴⁵ Jesu akati, “Ani naani anotarisa mukadzi achimuchiva, atoita hupombwe naye kare.” Ndizvozvo chaizvo.

⁴⁶ Saka, munoono, Hama Wood vakati kwandiri, “Munoti kudii nezvazvo, Hama Branham?”

⁴⁷ Ndakati, “Zvichida kushomeka kwepfungwa kana kuti kugarwa nemadhimoni.” Pane zvinhu zviviri chete zvinozviita. Mukadzi ane hunhu, akachena haapfeke zvinhu izvozvo kunze kwekunge akagarwa nemadhimoni. Ndicho Chokwadi chaicho.

⁴⁸ Zvino, mufambi ari munzira yake yeKudenga, anogara muhupo hwakasiyana. Haufanire kunetseka nezvake akamutarisa. Achatendeutsa musoro wake kana aina Mwari mumoyo make, nekuti ari kugara muhupo huri mamaira miriyoni kubva kuzvinhu izvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Haudi kuve nemhosva yezvinhu izvozvo, pakutongwa. Saka anotendeutsa musoro wake oti, “Mwari, nzwirai mukadzi uyu tsitsi,” uye oramba achienda. Tiri murwendo rvedu. Tiri munzira yokuenda kuNyika yeKenani. Tiri munzira yedu yokuenda kuZororo Rekusingaperi rakaropafadzwa ratakapihwa naMwari. Zvino murwendo, tinoedzwa. Tinoedzwa nemhando dzese dzezvinhu, asi zvakadaro toedzwa tisingatadzi.

⁴⁹ Zvino cherechedzai, apo patinoenda kuchitsauko 4, “Naizvozvo ngatityei.”

Naizvozvo ngatityei, kuti zvimwe, chipikirwa chatakasiirwa chokupinda muzororo rake, . . .

⁵⁰ Ndinoda kuti murangarire, kuti, kunze kwekunge tawana, kunze kwekunge Mwari vazvizarura kwatiri! Hazvina mhosva kuti tinoenda kuchechi zvakadzi, izvozvo hazvinei nechekuita

nazvo. Mwari vanofanira kuuya nechizaruro uye voZvizarura kwatiri, zvinoburitsa zvinhu zvese zvemunyika kunze. “Zvino, zvichiri kunzi, ‘Nhasi kana imi. . .’”

51 Zvino ngatitangei chi—chitsauko 4.

Naizvozvo ngatityei, kuti zvimwe, chipikirwa chatakasiirwa chokupinda muzororo rake, . . .

52 Zvino rangarirai, pavaive munzira yekuenda kuZororo, Shongwe yeMoto yakavatungamira. Zvino tinoda kutsvaga kuti, “Chii chinonzi Zororo iri?”

Ngati. . . tyei, kuti zvimwe, chipikirwa chatakasiirwa chokupinda muzororo rake, (tarisai), chero mumwe wenyu ozowanikwa akachipotsa.

53 Zvino, heinoyi vimbiso. Hezvino zvatinofanira kutya: kana pasina vimbiso yatakasiirwa. Asi pane vimbiso! Uyezve, chinhu chinotevera, usaipotsa.

54 Zvino, pfungwa ndeyekuti, kana tiri munzira yedu yekuenda kuZororo, Zororo chii? Riri kupi? Kujoinha chechi here? Kubhabhatidzwa neimwe nzira here? Kuva here nhengo yechechi hurusa muguta? Kupfeka mbatya dziri nani? Idzidzo here? Imari here, kuti tikwanise kusiya basa uye tongorara zvedu pasi, tozorora hupenyu hwedu hwese, sekudaidza kwatinozviita? Handizvo.

55 Teerera zvinotaurwa neBhaibheri kuti chii, uye kuti tinoriwana sei.

Naizvozvo ngatityei, kuti zvimwe, chipikirwa chatakasiirwa chokupinda muzororo rake, chero mumwe wenyu ozowanikwa akachipotsa.

Nekuti kwatiri (zuva iro kareko) evhangeri yakaparidzwa, zvimwe chete saivo: . . .

Chii chinonzi Evhangeri? Inhau dzakanaka. Nhau dzakanaka dzakauya kwavari muEgipita, kuti, “Mwari vatumira mudzikinuri, uye Vari kuzotibuditsa kunze uye votienda kunyika yechipikirwa.”

56 Nhau dzakanaka kwatiri zvino, kuti, “Mwari vatumira Mudzikinuri, Mweya Mutsvene, uye tiri munzira kuenda kuNyika yechipikirwa.” Zvino vanhu vakazviita zvitendwa nemasangano, asi Mwari vanoramba vakadaro, kuti, *Zororo* redu ndiwo “Mweya Mutsvene.”

57 Cherechedzai.

. . . evhangeri yakaparidzwa . . . kwavari zvimwe chete kwatiri: asi shoko rakaparidzwa harina kuvabatsira, iro . . .

Rangarirai:

. . . shoko rakaparidzwa harina kuvabatsira, risina kwuhenganiswa nekutenda mavari vakarinzwa.

⁵⁸ Oo, hama dzangu, regai ndimire pano kwenguva shoma. Hazvinei nokuti Shoko riri kuparidzwa zvakadii, kuti unofarira zvakadii nzira yaRiri kuparidzwa nayo, kunze kwekunge iwe pachako uri mugoverani waRo, haRina kana chakanaka charinokuitira zvachose.

. . . risina *kuvhenganiswa nekutenda* naivo vakarinzwa.

⁵⁹ Vakaona zvishamiso zvaMosesi. Vakati, “Zvakanakisa kwazvo.” Zvino vakafamba vachienda. Ivo—ivo vakamuona achiita zvishamiso. Zvino vakaona Shongwe yeMoto, pamwe, kana kuvanzwa vachitaura pamusoro paYo. “Oo, zvakana.”

⁶⁰ Asi zvakanga zvisina kusanganiswa nekutenda kwavo pachavo. Nekuti pavakangosvika murenje, ivo (vese) vakatanga kugunun’una. Uye Mwari vakati, “Nekuda kwekuti vakapokana, chaive chivi.” Usapokane chinhu. Tenda. Usapokane, zvisinei kuti nyaya yacho yakaoma sei, Zvitende.

⁶¹ Zvino vakatanga kugunun’una, Mwari ndokuvaparadza. Uyezve Vakapika, mukutsamwa kwaVo, kuti, “Havafaniri kupinda muZororo raVo.” Zvino Bhaibheri rakati pano, ndinotenda Zviri mu—muchitsauko 3, kuti, “Zvitunha zvavo zvakawira murenje.”

⁶² Chitsauko 3 uye ndima 17.

Asi vaakashungurudzika navo kwemakore ana makumi mana? havasi ivo vakatadza, vane mitumbi yakawira murenje here?

⁶³ Uye pane avo vese vakabuda muEgipita, vaviri chete ndivo vakapinda munyika yechipikirwa. Kubva munyika yose yakaparadzwa nemafashama emvura, mumazuva akapfuura, pakanga paine mweya misere yakaponeswa, kubva pane mabhiriyo. “Suwo rakamanikana uye nzira inhete, uye asi vashoma ndivo vachaiwana.”

⁶⁴ Vamwe vanhu vanoti, “Zvino, Hama Branham, ko zviuru izvi zvese zvakanzi neBhaibheri zvichaonekwa ipapo?”

Ingorangarirai kuti vangani vakafa muchizvarwa chimwe nechimwe, vaine vari Makristu, zvichidzika nemuzera. Vose vachamuka. Ndivo vanogadzira Mutumbi. Unotarisirira kuti kuchave nemabhiriyo zana muAmerica ino, vachabuda, kana vamwewo, pasi rino nhasi. Panogona kusava nemakumi mashanu vanobuda. Asi Chechi huru yakadzikinurwa irere muguruva, yakamirira. Ivo mabwe akakosha aMwari akazorora muguruva. Asi mweya yavo iri pasi peartari yaMwari. Havasi mune chimiro chavo chaicho. Vari mumutumbi, zvechokwadi, asi mutiyofani. Uye vanochema kuna Mwari, “Kusvika riinhi?” Vaigona kuonana, asi vaisagona kukwazisana maoko mumwe nemumwe, mhando iyoyo yemutumbi.

⁶⁵ Unosangana namai vako muKubwinya manheru ano, kana uri wazoenda, hawaizokwanisa kuvakwazisa ruoko rwavo nekuti havana mhando yakadaro yeruoko. Waisakwanisa kurinzwa nekubata semanzwiwo aungaita zvino. Nekuti, pfungwa shanu ndidzo dzakaiswa mumutumbi uno, kuti dziitungamire. Huvepo hwavo hwaizonzwikwa mune humwe hupo.

⁶⁶ Zvakafanana nemurume nemukadzi. Hakuzove nekuroorana, kana kuroodzwa, Kudenga. Sei? Nekuti pane imwe mhando yerudo. Hakuna chido chekusangana pabonde. Zvinhu zvese izvozvo zvapfuura. Wakacheneswa uye wakachena.

Asi hauna kumbogara mune chinhano ichocho, nekudaro hauna kusikirwa chinhano ichocho. Uri kungomirira uri ipapo. Asi uri kushuva kudzoka kwawakasikwa uri murume nemukadzi, uye ipapo Mwari vachamutsa mutumbi iwoyo kubva muguruva renyika uye voubwinyisa. Ipapo uchaona, kuravira, kunzwa nekubata, kunhuwidza nekunzwa, uye nekuwadzana. Hatife takaziva . . .

Hatife takanakidzwa nehupenyu hweNgirozi. Hatina kusikwa tiri Ngirozi. Mwari vakasika Ngirozi. Asi Vakasika iwe neni, varume nevakadzi. Ndicho chinhano chatichava machiri, nekusingaperi, paKuuya kwaKe kwakaropafadzwa.

⁶⁷ Zvino, onai kutadza kusvika kwavakaita, nekuti vakatadza uye vakasavika pane kubwinya. Mwari vakavaratidza Shongwe yeMoto. Vakavaratidza zviratidzo nezvishamiso. Vakavatungamira kubuda. Vakavaunza mumuedzo, kuvaedza nekuvaongorora.

⁶⁸ Zvino, hauna kuve nemiedzo yakawanda here? Usanyunyute pamusoro payo. Fara. Mwari vanewe. Vari kuzama kuedza kutenda kwako. Tarisai kuna Jobho muTestamende Yakare, paVakati, “Warangarirawo here muranda waNgu Jobho, murume akarurama, murume asina chaanopomerwa? Hakuna akafanana naye panyika.”

⁶⁹ “Oo,” akati, “chokwadi, Makamuisira ruzhova: haana kana matambudziko, haana kana zvinetswa. Haana kana mitoro yezvemari, zvinhu zvese zvakanaka. Haana kana hurwere, chero kurwadziwa. Regai ndimutore. Ndichamuita kuti aKutukei, kuchiso cheNyu.”

⁷⁰ Vakati, “Ari muruoko rwako, asi usatora hupenyu hwake.”

⁷¹ Oo! Akaita zvese kunze kwekutora hupenyu hwake, asi haana kukwanisa kuzungunutsa Jobho. Jobho akaziva kuti akamira zvakasimba paShoko. Ndizvozvo. Uye madhimoni ese akabva kugehena akatadza kumuzungunutsa, nekuti aiziva kuti akapirisa chipiriso ichocho. Akanga akarurama. Zvino vakamupomera, vakati, “Wakatadza, Jobho, uye Mwari vari kukuranga.” Aiziva kuti Mwari vanga vasina . . .kuti akanga asina kutadza pamberi paMwari. Aiziva kuti aive

akarurama. Kwete nekuti aive murume akanaka, asi nekuti aive achigamuchira chipiriso chinopiswa pachinzvimbo chake.

⁷² Uye, manheru ano, tinoziva kuti hupenyu hwake hwakaratiidza kuti aive akarurama. Uye kana iwe...Kwete kuedza kusvika kumusha muKubwinya nekuti unoadza kubatsira muvakiidzani wako; zvakanaka izvozvo. Kwete nekuti wajoinha chechi; zvakanaka izvozvo. Asi unoadza kumusha muKubwinya nekuti unogamuchira kururama kwaJesu Kristu, pasina kana chawakamboita pachako.

⁷³ Zvino, tichipfuurira mberi nekuverenga.

Nekuti evhangeri yakaparidzirwa kwatiri, . . . (ndima 2) . . . zvimwe chete saivo: asi shoko rakaparidzwa harina kuvabatsira, risina kuvhenganiswa nekutenda mavari vakarinzwa.

Kutenda kwaive kusiri mune avo vakanzwa Shoko.

⁷⁴ Chimbofungai, nhasi, mushumiro diki, yakaninipa iyo Ishe vakandipa, panofanira kuva nemamiriyoni makumi mana evemuAmerica vakaponeswa, manheru ano. Munoziva zvavanotaura? “Nhaisi, kuverenga pfungwa. Muverengi wepfungwa. Hakuna zvinhu zvakadaro! Handiti, haasi wemuchechechi yedu.” Maona? Hazvisi . . . zvisinei kuti unoisira zvakadii paShoko uye woratidza kuti iShoko raMwari, ivimbiso yaMwari, kuti isainzi yakawanda zvakadii ingaratidza kuti iChokwadi, vacharamba vasingagoni kutenda. Bhaibheri rakati havaigona.

⁷⁵ Vakati, “Zvino zvinobatsirei kuZviparidza?” Mwari vanofanira kuva nechapupu, kuti avapomere mhosva, neZuva iroro. Shoko rakaparidzwa uye nekuratidzwa pakati pavo, uye vakaramba vachifamba vachienda vasingazivi. Hapana chimwe chasara kunze kwekutongwa. Mwari havaikwanisa zvine nduramo—havaikwanisa zvine nduramo kutonga nyika kunze kwekunge yakava netsitsi isati yava nekutongwa. Ivo ndiMwari. Havana kukwanisa kuzviita.

⁷⁶ Zvino tinotii?

Nekuti isu avo . . . vakatenda zvakare takapinda pazororo, sezvaakareva achiti, Sezvandakapika pakutsamwa kwangu, havangapindi muzororo rangu: kunyangwe mabasa akange akwaniswa kubva pakuvambwa kwenyika.

Nekuti akataura pane imwe nzvimbo nezve—nezvezuva rechinomwe nenzira iyi, . . .

⁷⁷ Zvino, handidi kurwadzisa manzwiro evanhu, mukupesana nechitendero chavo. Hachisi chinangwa changu. Kunze kuminda yekuvhangera, ndinongoparidza vhangeri remazuva ese, guru, dzidziso dzepamavambo. Asi mutabhanakeri, pakati pevana vangu pano, Ndinonzwa kuti ndine kodzero yekuparidza

izvo zvandinofunga kuti iDzidziso uye neChokwadi. Maona? Ndinofunga kuti zvakanaka.

⁷⁸ Zvino, ndine zviuru zveshamwari dzakanaka dzemaSavadha, dzevanhu vari veSeventh-day Adventist. Dzimwe dzeshamwari dzepedyosa dzandinadzo, vamwe vavo maSeventh-day Adventist.

Kunyangwe, kufamba kukuru kwe, uko kunonzi, i—*Izwi reChiporofita*, vanonyatsopesana chaizvo neni. Vakati ndinoita chirevo mupurupiti, ndokuti, “Ndaive Mwari. Uye kuti—uye kuti Chiedza ichi chakatevera chaive Mutumwa, uye ini ndaive Mwari. Uye ndakauya panyika kuzoita zvinhu zvikuru, kuratidza vanhu kuti ndiri Mwari.” Zvino, ndizvo zvakataurwa ne*Izwi reChiporofita* pamusoro pangu, uko kuCalifornia. Uye chero ani akataura izvozvo, munoziva, akataura chinhu, chainge chisicho.

⁷⁹ Asi pakutanga, ndisingatore pfungwa yekupesana nechechi yeSeventh-day Adventist kana chero imwe chechi yeSabata, asi chete nekuda kweEvhangeri. Tiri kuzodzika, mumaminitsi mashoma, pane Pentekosti, zvakare. Hongu. Chokwadi. Pane Baptist, tichadzika pane izvozvo uye toratidza kuti Mwari havana chero sangano ravanonyanya kufarira. Ndizvozvo. Vanongofarira dungamunhu chete. Uye haVashandi nechero sanganu ripi zvoro, haVana kumbodaro uye haVazombozviiti, maererano neShoko raVo. Asi Vanoshanda nedungavanhu ari musanganu rega-rega. Hongu, munhu wega-wega uyo Mwari vanoshanda naye.

⁸⁰ Zvino chiteererai kune izvi zvakajeka, uye kana zvikaatika, chero nguva, mubvunzo iwoyo ukambouya kwauri, uchagadziriswa. Zvino, dai Ishe vatibatsira.

⁸¹ Zvino, nepedyo, “Nekuti. . .” Ndima 4.

Nekuti wakataura pane imwe nzvimbo zvezuva rechinomwe nenzira iyi, . . .

⁸² Zvino tarisai. Ari kutaura nezvesabata. Vangani vanoziwa kuti izwi rekuti s-a-b-a-t-a muchiHe-. . . izwi reChihebheru rinoreva “z-o-r-o-r-o”? Vangani vanozviziva, muChirungu? Chokwadi. Kuti *sabata* hazvinzwiki seizwi risina kutsarukana here? Rakadaro.

⁸³ Kuti *kuchenesa* hakunzwiki seizwi risina kutsarukana here? *Kuchenesa* izwi rechiGiriki. *Kuchenesa* zvinoreva “kuitwa mutsvene.” ChiHebheru, zvinoreva “kuita mutsvene.” ChiGiriki, zvinoreva “kuchenesa.” Chirungu, zvinoreva “kuchenesa.”

⁸⁴ *Sabata* zvinoreva “zuva rekuzorora.” Ndizvo zvaive sabata rekare, zuva rekuzorora. Paunoono *zororo*, zvinoreva “sabata.” Ritarisei muzvinyorwa zvenyu zvepamavambo, kana zvikaatika kuti une Bhaibheri rechiGiriki, uye uone kana izwi racho. . . Kana uine Bhaibheri reScofield, tarisai pazvinyorwa

zvenyu zvekumucheto pamusoro pe “zororo” uye muone kana zvisingakudzoseri kune *sabata*. *Sabata* zvinoreva “zororo.” Zvakanaka.

85 Zvino tarirai.

Naizvozvo ngatityei, *kuti zvimwe, chipikirwa* chatakasiirwa kuti tipinde pasabata rake, zororo, . . .

86 Zvino, vanhu vazhinji vanochengeta mazuva, sekuchengeta zuva resabata *Mugovera*. Vamwe vanoita *Svondo* chimufananidzo, zuva rekunamata. Uye nenyasha dzaMwari, uye neShoko raMwari, Mwari ndibatsireiwo manheru ano, ndinogona kuratidza kwamuri kuti vese vari vaviri vari kukanganisa. Vese vari vaviri munamati weSvondo uye nemuchengeti wesabata, zvirokwazvo vose vanokakanganisa maererano neShoko. Uye chaizvoizvo, iShoko ratinofanira kufamba naro, kwete nezvinotaurwa nemaAdventisti, kana kwete nezvinotaurwa nemuProtestanti, kana nezvinotaurwa neKatorike. Ndeizvo zvinotaurwa neBhaibheri.

87 Zvino, zvino tarisai.

Nekuti wakataura pane imwe nzvimbo nezvezuva *rechinomwe* nenzira iyi, . . .

Zvino tichaisa chimwe chinhu chakadai, uye todaidza ichi—ichi, “Zororo raMwari,” zuva *rechinomwe*.

88 Zvino tarisai. “Zvino Mwari. . .” Teerera kuRugwaro urwu zvino.

. . . *Mwari wakazorora nezuva rechinomwe* pabasa rake rose.

Mwari vaive neSabata, uye zuva *rechinomwe* iroro rakanga rakareba chiuru chemakore, mufananidzo weMireniyamu.

Nekuti wakataura . . . zvezuva rechinomwe nenzira iyi, *Zvino Mwari wakazorora . . .* pabasa rake—rake rose.

Chisazitasingwi, “Mabasa *aVo* ose.” Vakazorora nezuva *rechinomwe*. NdiMwari.

Uye munzvimbo ino (pasi pemurairo), *Havangapindi muzororo* rangu.

89 Mwari vakazorora, panyama, nekuti Vakange vagadzira matenga nenyika mumazuva matanhatu, uye nezuva *rechinomwe* Vakazorora pabasa raVo rose. Vakazorora chiuru chimwe chemakore. Nokuti Bhaibheri rakataura, kuti, “Zuva rimwe panyika makore chiuru Kudenga; makore chiuru Kudenga izuva rimwe panyika.” Vangani vanoziva kuti Gwaro rinodaro muna Petro Wechipiri? Zvakanaka. “Mwari vakazorora nezuva *rechinomwe*. Zvino vakataura nenzira iyi pane imwe nzvimbo.”

90 Zvino nyatsotereresai.

Nekuti wakataura pane imwe nzvimbo zvezuva rechinomwe nenzira iyi, Zvino Mwari akazorora... pamabasa ake ose.

Uye munzvimbo ino zvakare, (murairo), *Havangapindi muzororo rangu.*

Akapa maJudha, munzira yavo kubva munyika yechipikirwa, kana kuti, kubva kuEgipita kuenda kunyika yechipikirwa, sabata rezuva rechinomwe.

⁹¹ Zvino teererai.

Naizvozvo nekuona kuti zvichiripo kuti vamwe vanofanira kupinda mariri, uye kune avo vakatanga kuriparidzirwa...

Zororo! Mwari vakavapa murairo, uye sabata raive murairo wechina.

...havana kupinda nekuda kwekusatenda:...

⁹² Zvino tarisai. Ari kutaura nezve murairo, kuti vakapinda sei, vakanga vasina kusanganisa nekutenda. Havana kurichengeta. Vakachengeta sabata murangaridzo, kuti vaienda kunyika yesabata, kunova nezororo risingaperi kubva kunhamo dzavo dzese nekushushikana kwavo kose, pasisina vatariri vemabasa, kuisina husiku hwekushaya zororo. Vakanga vari munzira yavo yokuenda kunyika yechipikirwa yezororo. Yaiyerera nemukaka nehuchi. Mazambiringa acho aive akakura zvekuti varume vaviri vakatakura chitsumbu chimwe pamapfudzi avo. Oo, inyika yakadii yezororo rakaropafadzwa! Asi vakatadza kuiwana pavakasvikako, nekuda kwekusatenda kwavo. Vakatsautswa nepamwewo, pamamaira makumi mana chete kubva pavakabva muEgipita, kuenda kunyika yechipikirwa. Zvino vakave nemakore makumi mana kuti vasvikeko, nekuda kwekusatenda kwavo. Mwari vakavapa muporofita wavo, vakamupa chiratidzo chaVo, vakamupa Shongwe yeMoto, vakaratidza zviratidzo nezvishamiso, ndokuparidza Vhangeri kwavari. Uye vakafamba vachienda kunze, mushure mehove nezvingwa, uye ndokupararira murenje. “Uye zvitunha zvavo zvakaparara murenje.”

⁹³ Jesu, patsime, Akati.

Vakati, “Madzibaba edu akadya mana murenje, kwemakore makumi mana.”

⁹⁴ Akati, “NDINI Chingwa chiya cheHupenyu chakabva kuna Mwari kubva Kudenga. NDINI Chingwa cheHupenyu. Moses haana kukupai Chingwa ichocho. Baba vangu vakapa Chingwa ichocho. Uye NDINI Chingwa chinobva kuna Mwari kubva Kudenga. Kana munhu akadya iChi, haambofi.” Hewo mutsauko.

⁹⁵ Zvino tarisai. Vakati Iye... “Vakanwa kubva muDombo raive murenje, kwenguva yemakore *akati-kuti.*”

⁹⁶ Akati, “NDINI Dombo iroro.” Ngarikudzwe Zita raKe Dzvene! “NDINI Dombo iroro.”

Ko Angave sei Dombo iroro? Dombo iroro raive Dombo remweya. Raitevera vana veIsraeri. Zvino Mosesi aive netsvimbo muruoko rwake, yaive tsvimbo yekutonga yaMwari. Zvino Mwari vakamuudza kuti arove Dombo, uye akarova Dombo. Zvino paakadaro, mvura yakabuda kubva muDombo. Uye Kristu aive Dombo iroro, uye kutonga kwemurango waMwari wechivi kwakarohwa paAri. “Mwari vakaita kuti kusarurama kwedu tose kuiswe paAri,” uye kusarurama ikoko kwakapamura moyo waKe. Zvino kubva pamoyo waKe wakadurura Mweya Mutsvene, senzizi dzemvura, kuvanhu vari kuparara, vari kufa.

“NDINI Dombo iroro rakanga riri murenje.”

“Handiti,” akati, “Munoreva here kutaura . . .”

⁹⁷ Akati, “Mosesi, uyo akakuudzai izvozvo, aishuvira kuona zuva raNgu. Zvino iye akariona muchikamu.”

⁹⁸ Akati, “Zvino, Unoreva kutiudza kuti Iwe uri mukuru kuna Mosesi here? Kutu Wakaona Mosesi? Uye Mosesi akanga afa makore mazana masere.” Akati, “Zvino tinoziva kuti Une dhimoni,” nemamwe mashoko, unopenga. “Tinoziva kuti Unopenga.”

⁹⁹ Akati, “Abrahama asati avapo, NDIRI. Ndaive NDIRI MUKURU uyo aive mugwenzi raipfuta. Ndiri Moto uya waive mugwenzi raipfuta. Ndiri Mutumwa uya akaenda mberi kwavo.” Zvino akati, “Ndakabva kuna Mwari, uye ndinodzokera kuna Mwari.” Uye Akabva kuna Mwari, akaitwa nyama uye akagara pakati pedu; akadzokera kuShongwe yeMoto imwe chete iyoyo.

Zvino heunoi Ari pano, manheru ano, mushure memakore zviuru zviviri, “mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi,” achiita zvimwe chete, achitungamira vana vaKe vakaropafadzwa.

¹⁰⁰ Uye vazhinji vari kuuya . . . mukati nekuda kwekusatenda. Zvino, akati, “Vakatara zuva,” zuva iro Mwari vakapedza basa raVo. Zvino, “Vakatara ‘rimwe zuva,’ uye nenzira iyi, kuti kana vakanzwa, kana vakauya, vanochogeta masabata, vachifamba nemumwedzi mitsva nezvimwe zvakadaro.” Ndipo apo hama dzeAdvent dzinoedza kukudzosera shure.

¹⁰¹ Zvino ngatirambei tichiverenga. Cherechedzai.

Naizvozvo nekuona . . . kuti vamwe vanofanira kupinda mariri, uye avo vakatanga kuriparidzirwa havana kupinda nekuda kwekusatenda.

¹⁰² Zvino, ndima 7. Oo, ini zvangu! Ndinoti, Gwaro rakafemerwa pamasvomhu. Ndinoti, Rugwaro, rwakafemerwa, uye mune nzira dzose. Masvomhu eBhaibheri akakwana.

¹⁰³ Makacherechedza here kuti United States ino inhamba gumi nenhatu mune zvese zvainoita? Munoziva kuti yakavambwa nematunhu gumi nematatu? Munoziva mureza waive nenyeredzi gumi nenhatu mauri pakutanga? Munoziva zvese zvinoitwa neUnited States zviri munhamba yegumi nenhatu? Maizviziva here kuti inoonekwa muBhaibheri muna Zvakazarurwa 13? Zvirokwazvo inodaro. Chikara chidiki, gwayana rakabuda mumvura, kwete muhwandu nemhomho yevanhu, . . . kwete kubva mumvura, asi kubva panyika, uko kusina munhu. Rakanga riine nyanga mbiri diki: masimba ekugara kwevanhu uye neemachechi. Zvino raive gwayana: rusununguko rwekunamata. Zvino mushure mechinguva, zvakaenda pamwe chete zvino rakataura seshato, rikashandisa simba rose rakashandiswa neRoma yaive kumashure kwaro. Zviri kuuya kunyika yedu. Zvinyorei pasi. Imi tarisai kuMubatanidzwa weMachechi nemaKatorike vachibatana pamwe chete, zvino mutarise zvinozoitika.

¹⁰⁴ Vanhu vanotevera Shongwe yeMoto zvirokwazvo vachava nenguva yakaomarara, vakagadzirira kushandurwa panguva iyoyo, ndizvozvo, vangogadzirira kuenda. “Nekuti Gwayana rakavakunda,” rakadaro Bhaibheri, “neavo vakaMutevera, nekuti vakadaidzwa kuti vakasarudzwa uye vakatendeka, Vasanangurwa vaMwari.” Tochirega kuenda kuchiporofita ichocho zvino, kuitira kuti tikwanise kufambisa izvi.

¹⁰⁵ Teereresai, chitsauko 7, iyo . . . Ndiri kureva chitsauko 4, ndima 7. Nomwe ndiyo nhamba yekupedzisa. Nhamba yetatu ndiyo nhamba yeHupenyu. Nomwe ndiyo nhamba yekupedzisa, uye ndiyo inopa sabata rakazara.

“Uyezve,” rangarirai, vakataura, “Mwari,” pane izvi. Ndokubva vataura nezve “murairo,” pane nzira iyi. Uyezve, zvakare, “Vakatara zuva,” zuva rechitatu, kechitatu.

Zvekare, akatara zuva, *rimwe zuva*, achiti muna *Dhavhidhi*, *Nhasi*, mushure menguva yakareba *zvakadai*; . . . *Nhasi*, mushure menguva yakareba *zvakadai*; sezvichinzi, *Nhasi kana uchinzwa inzwi rake*, usaomesa moyo wako. (Tarisai.)

. . . *dai Jesu akanga avapa zororo* (sabata), . . . angadai asina here kuzotaura pamberi pachu nezve *rimwe zuva*.

Mwaka inoshanduka pamwe naJesu Kristu: kubva pamurairo kuenda kunyasha, kubva pamabasa kuenda kunyasha, kubva pane chimwe chinhu chaunoita kuenda kune chimwe chinhu chakaitwa naMwari, pane kukodzera kwako pachako kana kuti pane kukwanisa kwaVo. Zvakashanduka.

¹⁰⁶ Mosesi paakabuda kubva murenje, aine murairo, akati, “Usaita upombwe. Usaba. Usauraya. Chengeta zuva resabata riri dzvene.” Jesu paakabuda kubva murenje. . . Pakauya Mosesi, dhiyahhore akamuedza. Dhiyahhore paakangomuedza,

akateerera kwazviri. Mosesi akange aine chikamu chine hutera. Vangani vanoziwa kuti chaive chii? Hasha. Uye paakangovaona vachinamata mhuru yendarama, akakandira pasi mirairo ndokuipwanya, kukuratidzai kuti huprisita hwaizoputswa. Zvino Mwari vakaipa kwaari zvakare.

¹⁰⁷ Asi Jesu paakabuda murenje, mazuva makumi mana ekutsanya, Aive nenzara, chikamu chine hutera choga chaAive nacho. Zvino dhiyabhore akauya kwaAri uye akati, “Kana Uri Mwanakomana waMwari, shandura matombo aya ave chingwa. Ita chishamiso pano. Rega ndiKuone uchizviita, zvino ndichazoKutenda.”

¹⁰⁸ Jesu akati, “Zvakanyorwa kuti, ‘Munhu haangarami nechingwa chete, asi neShoko rimwe-nerimwe rinobuda mumuromo waMwari.’” Akaziva kuti haana kusangana naMosesi ipapo, nekuti Akaenda kuShoko.

¹⁰⁹ Akaenda naYe pamusoro-soro, patemberi, ndokuti, “Kana Uri Mwanakomana waMwari, Zviwisire pasi.” Uye *akaputira*, kwete kunokora, asi akaputira Gwaro. Akati, “Zvakanyorwa kuti, ‘Acharaira Ngirozi, maererano, zvichida chero nguva Ungarovere tsoka yaKo paibwe. IchaKutakura.’”

¹¹⁰ Zvino Jesu akanyatsa kunanga paShoko, ndokumutsiura.

¹¹¹ AkaMuendesa pamusoro pegomo ndokuMuratidza United States neGermany neSwitzerland, nenyika dzose dzepasi, dzaizombovapo, akati, “Ndedzangu dzese. Ndinoita nadzo chero zvandinoda.” Ndosaka tiine hondo nematambudziko. Akati, “Ndinoita nadzo. . .” Ndokusaka vakadzi vachipfeka. . . uye voshaya chinovawana, pamutemo. Dzese dzinotongwa nadhiyabhore. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Satani akati, “Ndedzangu. Ndinoita nadzo chero zvandinoda.” Akati, “Kana Ukandinamata, ndichaKuita mambo sezvandiri.”

¹¹² Jesu akati, “Zvakanyorwa kunzi, ‘Namata Ishe Mwari wako chete, ndiye wauchashumira.’ Enda shure kwaNgu, Satani.”

Sei? Jesu aiziva kuti Aizogara nhaka yazvo muMireniyamu huru iyi, apo Humambo hwaKe hwaizouya. “Kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezvazviri Kudenga.” Hakuzovizve nezvikabudura zvichapfeka. Hakuzovizve nekunwa. Hakuzovizve neruchiva. Hakuzovizve neupombwe. Hapachazovizve nerufu. Hakuzovizve nekusuwa. Anogara nhaka yemarudzi ose. NdeaKe. Ndizvozvo chaizvo. NdeaKe, uye Achagara nhaka. Asi Satani anavo kwechikamu chenguva, anova nhasi, watiri kurarama.

¹¹³ “Asi Akataro zuva, achiti, ‘Nhasi, mushure menguva yakareba zvakadai.’ Uye akati, ‘Usaomesa moyo wako.’”

Nekuti dai Jesu akanga avapa zororo, . . . angadai asina kuzotaura here pamberi pachu nezve rimwe zuva.

114 Hama yangu yechiAdventisti, tarisa Izvo. Pauro pano, akadaro. Uye Pauro akati, muna VaGaratia 1:8, kana muri kunyora pasi magwaro, VaGaratia 1:8, “Kana Mutumwa anobva Kudenga akauya uye akaparidza chero rimwe vhangeri kunze kweIri randakaparidza, ngaave akatukwa.” Pauro akati, “Dai Jesu akavapa zuva reZororo . . .”

115 Tarisai, paAkabva mugomo. Akadzika zvino. Akange akunda dhiyabhore. Akange akazodzwa, akagadzirira shumiro yaKe. Akati, “Makavanzwa vachitaura, ivo venguva dzekare, ‘Usauraya,’ asi Ndinoti kwamuri ani naani anotsamwira hama yake, pasina chikonzero, atouraya kare. Makavanzwa vachitaura, ivo venguva dzekare,” nhasi uno, vachengeti vesabata. “Makavanzwa vachitaura, kumashure munguva dzakare, pasi pemurairo, ‘Usaita upombwe.” Waifanira kunge uri muchiitiko chacho, kuti uve nemhosva. “Asi Ndinoti kwamuri, ani naani anotarisa mukadzi omuchiva atoitwa hupombwe naye kare mumoyo make.” Zvakasiyana! Ndokupfuura nechaipo pamurairo wechina iwoyo. Asi Akavapa Zororo here?

116 Ngationei zvaakataura. “Dhavhidhi akati, ‘Mushure menguva yakareba zvakadai, kuchave neZororo rakakwana rinouya.’” Mwari vakazorora kubva kumabasa aVo, nezuva rechinomwe. Mwari vakaropafadza zuva resabata, uye vakaripa kumaJudha murenje, nenzira iyi. Vakapinda . . . mukati nekuda kwekusatenda, nekuti Shoko harina kusanganiswa nekutenda. “Uye zvakare, Vakatarira rimwe zuva, vachitaura muna Dhavhidhi, ‘Mushure menguva yakareba zvakadai.’”

Mazana emakore mushure mekufa kwaDhavhidhi, Mwanakomana waDhavhidhi aizomuka, anova Jesu, “Uye kana vakanzwa Inzwi raNgu, musaomesa moyo yenyu.” Mwari vari kuzotaura kumoyo.

117 Zvino tarisai, kundima 9 zvino, kwamuri muri kuverenga. “Jesu angadai akavapa zororo,” ndima 8, “Angadai . . . akataura nezve rimwe zuva.”

118 Dai paizofanira kuve nesabata, dai paizofanira kuve nekuchengetwa kweSvondo, saka Angadai akataura nezvazvo. Dai Akanga ati, “Zvino hapachina sabata, hakuchina kuchengeta zuva rechinomwe, randinoda kuti muchengete iSvondo,” Angadai akazvitaura. Pauro akati Akazviita. Angadai akati, “Imi mose munonamata neSvondo. Ndiyo ichazova zororo.” Zvakanaka, dai Akada kuti vachengete sabata, Angadai akati, “Ingorambai muchichengeta zuva rechinomwe. Asi zvino ndinoda kuti muchengete Svondo, zuva rechisere.” Kwete. Haana kumbozvitaura.

119 Akati, “Dai Jesu akavapa zuva, Angadai asina kutaura nezvaro here?”

120 Zvino ndima 9. Gadzirirai.

Naizvozvovo kwasarira zororo kuvanhu vaMwari, kuchengetwa kwesabata kuvanhu vaMwari.

Nekuti uyo wakapinda muzororo rake (raKristu), iye amene azorora pamabasa ake pachake, sezvakaaita Mwari kubva pane ake, pasabata.

¹²¹ Mazviona? Zvino ngatitorei mamwe Magwaro uye titsigire izvi. Zvakanaka. Mwari pavakagadzira nyika mumazuva matanhatu, Vakazorora nezuva rechinomwe, uye havana kuzomboshanda zvakare. Zita raShe ngarikudzwe. Vakavaka nyika, vakaisa zvisikwa pairi, ndokunozorora; uye havana kumbobvira vakadzoka zvakare, kuzovaka imwe nyika zvakare. Vakapedza mabasa, ndokunozorora. Zvino, pane... Zvino, mushure mechiuru chemakore ichocho, ipapo chivi chakabva chapinda; ndokubva Kristu amiririrwa, Gwayana rakamiririrwa. Zvino, maJudha akapihwa iri semufananidzo weZororo rezuva rechinomwe.

Zvino, akatarira rimwe zuva, achiti muna Dhavhidhi, . . . mushure menguva yakareba zvakadai, kuri kuuya rimwe zororo.

¹²² Zvino Zororo iroro chii? Vhurai neni kuna Mateo, chitsauko 11, uye chikamu chekupedzisira chechitsauko 11 chaMutsvene Mateo. Ndipo apo Jesu akapedza mharidzo yaKe yepagomo, uye muchaona zvaAkataura.

¹²³ Akati, “Ani naani anotarisa mukadzi, akamuchiva, aita upombwe naye nechekare mumoyo make. Ani naani anotsamwira hama yake, pasina chikonzero, auraya hama yacho.” Zvinhu zvese izvi, uye haAna kumbobata murairo wechina iwoyo, sabata iroro.

¹²⁴ Zvino Ari kupedzisa. Uye Sabata ndiyo vimbiso huru yaMwari. Izororo. Zvino, zvino tarisai pano apa, paAkapedza kugumisa zviropafadzo. Pano Anoti, ndima 27 yechitsauko 11 chaMutsvene Mateo. Uko, kwaAive achidzidzisa zviropafadzo muchitsauko 5.

Zvinhu zvese zvakakumikidzwa muruoko rwangu, kwandiri naBaba vangu: uye hakuna munhu anoziva Mwanakomana, asi Baba; . . .

Munoona, haugone kuziva mumwe usingazive mumwe, nekuti Aive Baba vakaratidzwa munyama.

. . . uyewo hakuna anoziva Baba, asi Mwanakomana, . . .

¹²⁵ Zvinoita sokunge vanhu vaigona kuZviona uye vorega kukakavara. Zvirokwazvo. Mwari havazi Vanhu vatatu. Kana Vari vanaMwari vatatu, zvoreva kuti tiri vahedheni. Ndeupi wacho ari Mwari? Vari, vatatu vose, Mwari mumwe chete, mahofisi matatu aMwari mumwe chete. Aive Baba, muchimiro cheMweya Mutsvene, muShongwe yeMoto iya murenje. Aive

Mwanakomana, paAkashandisa hofisi yeHumwanakomana. “Chinguva chiduku nyika haichazondionizve; Ndichaenda. Ndichauya zvakare ndova nemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Maona? Ndiye Hubaba, Humwanakomana, neMweya Mutsvene, zvakare. Zvose ndiMwari vamwe chetevo vachishanda mumahofisi matatu akasiyana: Hubaba, Humwanakomana, Mweya Mutsvene. Hazvina. . .

Johane Wokutanga 5:7 akati, “Kune vatatu vanopupura Kudenga: Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Vatatu ava Mumwe.”

¹²⁶ Tomasi akati kwaAri, “Ishe, tiratidzei Baba.” Zvichamugutsa.

¹²⁷ Akati, “Ndagara nemi kwenguva refu, asi haMundizivi?” Akati, “Pamunooni Ini, maona Baba. Uye sei uchiti, ‘Tiratidzei Baba?’”

¹²⁸ Zvino, veOneness vakazvitora, boka revanhu vehumwe, uye ndokuedza kuita Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, kungove hofisi imwe chete nenzvimbo imwe chete, uye semunwe wako, mumwe chete. Handizvo izvozvo. Mwari vaisakwanisa. . . Jesu aisakwanisa kuve baba vaKe pachaKe. Kana Aive, saka Aive. . . Saka, Aizova sei baba vaKe pachaKe?

¹²⁹ Uye kana Mwari vari munhu, akapatsanurwa kubva kune Mweya Mutsvene, Aive navanababa vaviri. Nokuti Bhaibheri rakataura, kuti, “Mweya Mutsvene wakafukidzira Maria uye akabva abata pamuviri.” Zvino Bhaibheri rakataura, muna Mateo 1:18, kuti, “chinhu ichocho chakabatwa maari ndechi Mweya Mutsvene.” Saka baba vaKe ndevapi, Mweya Mutsvene kana Mwari? Vose, Mweya mumwe chete, kana kuti Akaberekwa neupombwe nemweya miviri.

Iyoyo idzidziso yechiKatorike, uye haina kumbobvira yakava dzidziso yeBhaibheri. Martin Luther akaiburitsa, iine zvimwe zvechiKatorike zvizhinji zviru muChechi yechiLutherani. Wesley ndokuramba achitevera nazvo. Uye zvichiri kuenderera mberi, asi kukanganisa. Hachisi Chokwadi. Haina kumbova, haina kumbobvira yave Dzidziso yeBhaibheri. Hauna kumbobvira wave murairo muBhaibheri, kudzidzisa vanaMwari vatatu.

Kuna Mwari mumwe chete. Jesu akati, “Inzwa iwe, O Israeri, Ndini Jehovha Mwari wako, Mwari mumwe chete,” kwete vanaMwari vatatu.

¹³⁰ MuAfrica, vanobhabhatidza kamwe kuna Baba, kamwe kuMwanakomana, uye kamwe kuMweya Mutsvene. Uye zvaro muJudha anonzvisa tsitsi anouya, oti, “Ndeupi wavo ari Mwari wenyu? Ndeupi ari, Baba, Mwanakomana, kana Mweya Mutsvene?” Vari, vese vatatu, Mumwe. Bhaibheri rakati vaive Mumwe.

¹³¹ Jesu aive imba yaigara Mwari. Bhaibheri rakataura kudaro—kudaro, Timotio Wekutanga 3:16, “Pasina *gakava*,” (ndiko, “kuita nharo”) “chakavanzika chehumwari chikuru. Nekuti Mwari vakaratidzwa munyama, vakaonekwa neNgirozi, vakagamuchirwa . . . vakaparidza, vakatendwa, uye vakagamuchirwa kumusoro muKubwinya.” Mwari vakadaro. Bhaibheri rakati, “Zita raKe richanzi *Emanueri*, mukududzirwa rinova, ‘Mwari vanesu.’” Bhaibheri rakataura, kuti, “Jesu, maAri maigara huzaro weHumwari mumutumbi.”

¹³² Sezvatakange tiinazvo humwe husiku: Mwari, pamavambo, vaive Mweya. Uye zvadaro, kubva pana Mwari, kwakabuda Rogosi, kana tiyofani, yaive chimiro chemunhu, ainzi Mwanakomana waMwari, akafanofananidzirwa. Akauya panyika, mumutumbi wenyama, kunyangwe asati Auya muna Jesu Kristu. Zvino chimedza izvozvo kamwe, hama. Ndichazviratidza kwauri.

¹³³ Paya—paya Mosesi paakaMuona. Akati, “Regai ndione chimiro cheNyu, Ishe.” Zvino Mwari vakamuvanza mudombo. Zvino paVakapfuura, akati, “Waive musana wemunhu.” Ndiyo yaive Tiyofani iya. Ndizvozvo chaizvo.

Zvino, Tiyofani iyoyo yakatozoitwa nyama. Kwete mumwe Munhu, asi Munhu mumwe chete iyeye akatozova nyama, kuti abvise rumborera kubva murufu.

Senyuchi painoruma, inosiya rumborera. Zvino haana kumborwusiya . . . Aigona kuisa rumborera munyama yemunhu nekuti chivi. Asi, hama, paakaruma nyama iya yaEmanueri, akarasikirwa nerumborera rwake. Hongu, changamire. Anogona kuziririka asi haachisina rumborera zvachose.

¹³⁴ Ndosaka, Pauro, pavakaenda kunogura musoro wake, akati, “Oo rufu, rumborera rwako rwuripi? Unogona kuziririka uye nekuita mahon’era sezvaungada kuita. Guva, kukunda kwako kuri kupi? Asi tinotenda Mwari vanotipa kukunda kubudikidza naJesu Kristu.” Hezvoka izvo.

Zvakatora Mwari pachaVo kuzviita izvozvo. Vakauya vakaratidzwa munyama. Vakadzokera zvakare muMweya.

¹³⁵ Unoti, “Hama Branham, hamuna kumbotiudza, nazvino, Mwari paVakaitwa nyama vasati vauya muna Kristu.”

Abraham paakanga akagara pasi petende rake, rimwe zuva, kwakauya Ngirozi mbiri naMwari, vachifamba vachiuya kwaari, vari munyama yemunhu, Vakanga vaine guruva pazvipfeko zvavo uye vaive vakaneta, zvino vakagara pasi. Zvino Abraham akabuda ndokunotoro mhuru kubva pamhou, ndokuiuraya. Ndokugadzira dzimwe nhindi dzenyama yegwayana. Akabuda ndokunotoro . . . akaita kuti Sara atore hupfu hwechibage uye ahusefe, uye agadzire zvimupotohayi. Ndokutora bhata kubva kumombe, ndokutora mukaka wakakodzwa. Ndokuenda nawo kunze ikoko ndokuugadzika pasi, zvino Mwari ndokuudya.

136 Hareruya! Ndicho chikonzero, “Kutenda kwangu kunotarira kwaUri, Iwe Gwayana reKarivhari.”

137 Unofunga kuti chinhu chikuru kuna Mwari? Mwari, Vakagadzira potashi nemacalcium, nezvose zviri munyika, Vakadzika kuzoshanyira Abrahama. Vakati, “Unofunga kuti Ndingakuvanzira, nekuona kuti uri mugari wenhaka yepasi rose?” Amen. “Handingakuvanzire.” Mwari vakangotora . . .

138 Takagadzirwa nezvinhu gumi nezvitanhatu. Vakangotora potashi, neimwe calcium, imwe petroleum, cosmic light, “Fuu!” “Pinda mune uyo, Gabrieri,” mutumbi!

139 “Fuu!” “Pinda mune uyo, Chinovava.” Akapinda mauri.

Ngirozi mbiri, kubva Kudenga!

140 Mwari vakatambanudza ndokutora chanza chizere chazvo, “Fuu,” vakapinda mauri, pachaVo. Vakaburuka, uye vakanga vaine nzara. Akaropafadzwa . . . Ko izvoka izvo, hama dzeAdventisti dzisingadye nyama? Tiri kuzopinda mune izvozvo, mushure mechinguva. Mwari Samasimba, Jehovha, onai kuti Zita rimwe chete harina here kududzirwa zvimwe chete neRiya pagwenzi rinopfuta! Hareruya!

Zvino paAkamira panyika, Akati, “Abrahama asati avapo, NDIRI, mumwe chete Uyo aive pagwenzi raipfuta.” Ndizvozvo, Erohimu, ona kana risiri rimwe chete. Ndiye akange ari Uyo aive pagwenzi raipfuta.

141 Ndiye Aive pano muhupo hwaAbrahama, ari mumutumbi wenyama, wakadya mhuru, ndokunwa mukaka wemhou, nekudya bhata pazvimupotohayi. Ngarikudzwe Zita Dzvene raMwari! Ndokufamba zasi ikoko chaiko ndokuti, “Handisiye . . .”

Zvino Vakange vaine musana waVo wakafuratira. Vakati, “Abrahama, Ndiri kuzokushanyira, uye uchaunza mwana uya. Une makore zana ekuberekwa zvino, uye Sara ane makumi mapfumbamwe.” Zvino Sara, mutende, akati, “Ha!” akaseka. Vakati, “Chii chaita kuti Sara aseke?” Seri kwaVo; tende riri pakati pavo.

142 Abrahama akati, “Sara, waseka here?”

143 “Kwete, handina.”

144 Vakati, “Hongu, wadaro.” Imhandoi yekuverenga pfungwa yakadaro? Yaive mhandoi yekuverenga pfungwa yakadaro?

Vanoita zvimwe chetezvo nhasi. Ndivo Jehovha-jire, Jehovha-rafa, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Havambokundi.

145 Tarisai kwaVari. Hapo paVakamira. Vakabuda kunze chaiko ndokutaura naAbrahama; ndokunyangarika, pamberi pake. Zvino Abrahama tateguru mukuru akati “akataura chiso nechiso naMwari, Erohimu,” Mwari vamwe chete. Mazvibata

here? Kwete vasiri Vanhu vatatu, hama. Mahofisi matatu eMunhu mumwe chete!

146 Pamavambo vaive mumwe chete, Vaive Chitubu cheMweya chiya, chikuru maive nekuva chokwadi kwese, rudo rwese, rugare rwese. Zvese zvaive zvakachena zvaive muChitubu ichi. Chakatanga kuumba mutumbi, tiyofani, mhando yemutumbi watinoenda kwauri. Kwete mutumbi wakabwinyiswa, asi mutumbi wengirozi, tingati; une muumbwa, nechimiro.

147 Nguva dzese pandinoona muti, ndinofunga, “Muti uyo ndiwo chacho chisina kukwana. Pane chakakwana kune imwe nzvimbo.” Muti iwoyo wakagadzirwa kubva pane chimwe chinhu. Humwe huchenjeri hwakaugadzira. Uye zvese zvinoitwa nenyika ino kuratidza zviri Kudenga. Bhaibheri rakadaro. Uye kana paine muti pano unofanira kuparara, pane mumwe uri muKubwinya usingazoparare.

148 Kana ndikaona murume, ndoona vaviri vadiki vakaisvonaka, murume nemudzimai wake, vachifamba vachidzika nemugwagwa, vanodanana vari pamwe chete, zvinoratidzei? Ngarikudzwe Zita raShe! Kune mumwe Kudenga usingazomboparari. “Kana tabhanakeri ino yevhu yaparara, tine imwe yakatomirira,” tiyofani.

149 Zvino unobva wawana hutatu: Mweya mukuru, uchigara muMwanakomana, Jesu; Jesu achigara muChechi. “Nezuva iroro, muchaziva kuti Ndiri muna Baba, Baba vari maNdiri, neNi mamuri.” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Zvese zvaive Mwari, Vakazvidurura muna Jesu; zvese zvaive Jesu, Akazvidurura muChechi. Hezvoka izvo. “Ini ndiri muna Baba, Baba vari maNdiri; Ini ndiri mamuri, uye imi muri maNdiri.” Hoyo—hoyo Mutumbi wacho.

150 Ndiro dambudziko rine chechi. Vakadzidziswa dzidziso diki yakare isina maturo, yakawota, yakaita seyechembere, vanomhanya-mhanya uye vachiita svusvuro dzesupu nemapati emakadhi. Ndosaka tiine boka renyonganyonga ratinaro. Hatidi zvirongwa zvevana nesvusvuro diki dzesupu. Chatinoda iVhangeri rakare rakakwasharara, nevarume vekutenda vaine munondo wakaremba kunze uko, uye vachipikisa. Zvatinoda nhasi, kwete dzidziso diki yebhaibheri isina maturo nedzimwe pfungwa dzerimwe boka dzakagadzirwa nevanhu. Tinoda Vhangeri rakakwasharara rinoparidzwa muChiedza neSimba nekuratidzwa kweMweya Mutsvene.

151 Cherechedzai pano zvino.

Sezvaakataura, akataro rimwe zuva, achiti muna
Dhavhidhi, . . .

. . . dai Jesu akavapa zororo, . . . angadai asina . . .
kunge akataura nezve rimwe zuva.

Asi kwasara . . . zororo kuvanhu vaMwari.

Nekuti uyo wakapinda muzororo rake, . . . azorora pamabasa ake pachake, saMwari akadaro pane ake.

152 Zvino tichaverenga papi? Mateo, wemakumi maviri- . . . Chitsauko 11, ndima 27.

Zvinhu zvese izvo Baba vakandipa, ndakazvipihwa naBaba vangu, waro: uye hakuna munhu unoziva Mwanakomana, asi Baba; (Zvakanaka.) uyewo hakuna munhu anoziva Baba, asi Mwanakomana, uye naiye Mwanakomana waanenge achizomuzarurira.

153 Munoono, hazvisi zvokuti unodzidza zvakawanda sei, kuti mu—mubhishopi anoda kuti uzive zvakawanda sei. Ndeizvo Mwari vanoda kuti uzive. Kana usingakwanise kuona Chizaruro ichi, usabvunze mubhishopi. Bvunza Mwari. Usabvunze mufundisi wako. Bvunza Mwari. “Mwanakomana anoMuzarura,” *Iye*, chisazitasingwi.

154 Teererai. Izvi zvichakuvhundutsai. Heuno murairo. Pauro akati, “Dai Akasiya rimwe zuva, Angadai akataura nezvaro.” Asi hezvinoi zvaAkataura.

Huyai kwandiri, imi mose makaneta makaremerwa, uye ndichakupai sabata, zororo.

Torai joko rangu muise pamusoro penyu, uye mudzidze kwandiri; nekuti ndiri munyoro nomoyo unozvinipisa: uye uchawana sabata kumweya wako.

Nekuti joko rangu rakareruka, uye mitoro yangu yakareruka.

155 Tarisai zvakataurwa naPauro.

. . . dai Jesu akanga avapa zororo, . . . angadai akataura nezve rimwe zuva.

Asi akatara . . . zuva, kuti muna Dhavhidhi, . . . mushure menguva yakareba zvakadai; . . . paunonzwa inzwi rake, usaomesa mwoyo wako.

“Uye kwasara . . .” Teererai zvino, ndima 9.

Naizvozvo kwasarira zororo, sabata, kuvanhu vaMwari.

Nekuti uyo, murume kana mukadzi, wakapinda muzororo rake. . .

“Huyai kwaNdiri, imi mose makaneta uye makaremerwa, Ndichakupai zororo.”

. . . wazorora kubva kune ake . . . mabasa, sezvakaita Mwari kubva pane ake.

156 Unogona kunge waive nemakore makumi maviri ekuberekwa. Unogona kunge waive nemakore makumi matatu ekuberekwa. Unogona kunge waive nemakore makumi mashanu ekuberekwa. Asi miniti iyo yaunonzwa Izwi raMwari

richigogodza pamoyo wako, usauomese. Ipapo chipinda...
 “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, otenda kuna Iye wakaNdituma,
 ane Hupenyu husingaperi, hwemuna Ziendanakuenda, uye
 haazombopindi mukupomerwa asi adarika kubva murufu
 kuenda kuHupenyu.”

157 “Nhai, Hama Branham, chii chinoitika?” Unowana Mweya
 Mutsvene. Kristu anopinda mauri. Ndizvozvo here?

158 Vhurai neni kuna Isaya, chitsauko 28, uye ngativerengei.
 Isaya, chitsauko 28, onai zvakataurwa nemuporofita nezvazvo.
 Mateo...28, tangai pandima 8. Herino dambudziko remazuva
 ekupedzisira. Tinofanira kuvhara munguva shoma.

*Nekuti matafura ese achange, azere nemarutsi uye...
 hapana nzvimbo yakachena.*

159 Regai ndimire kwechinguvana. Sekutaura kwakaita Ernie
 humwe husiku, aitaura kune mumwe munhu. Ernie Fandler,
 hama iyi yekuSwitzerland, akati, “Ndakamira ndokuzvirega
 zvichisinina.”

160 Ndiri kuda kuti izvi zvisinine mukati.

...hapana nzvimbo yakachena.

Nekuti matafura ese achange azere nemarutsi...

*Uye sembwa inoenda kumarutsi ayo...uye
 nguruve...kumatope ayo, ndizvo zvinoita vanhu
 vanodzokera shure.*

161 Dambudziko renyu ndereiko maMethodisti? Maimbova
 neChiedza. Chii chakaitika? Mwari vakaChitora kubva muruoko
 rwenyu, VakaChipa kumaNazarene.

Chii chakaitika kwamuri maNazarene? Makambove
 neChiedza. Mwari vakaChitora kubva mumaoko enyu
 ndokuChipa kumaPentekosti. Ndizvozvo. Imi church of God
 nemi mose vanhu vehutsvene, nekuti makaramba Chiedza,
 makazviita sangano pachenyu uye mukati, “Hatife takatenda
 zvimwezve zvinopfuura *izvi*,” Mwari vakafambira mberi
 vachibuda ndokukuratidzai kuti Vane vanhu vaizoVatevera.

162 Chii chakaitika kwamuri imi maPentekosti? Makanga muine
 Chiedza. Mwari vakaChibvisa kwamuri.

Shongwe yeMoto inofambira mberi. Pose paifamba Shongwe
 yeMoto, Chechi yakafamba pamwe naYo.

Zvino Luther paakaita sangano, kubva muchechi
 yeKatorike, chechi yake pachake, Shongwe yeMoto yakafamba
 zvino Wesley akaenda naYo.

Wesley akaronga ndokuita sangano rake, uye Shongwe
 yeMoto yakafamba uye maNazarene vakaenda naYo.

MaNazarene akaita sangano, zvino church of God yakaenda
 naYo; uye vakati vaive vasiri sangano, asi vaive.

163 Zvino chii chakaitika? Chinhu chinotevera chakaitika, maPentekosti vakaona Moto, zvino hutu ndokuenda. Zvino makaitei? Makaita dzidziso kubva pandimi, mukadziita sangano, “Munhu wese aifanira kutaura nendimi vasati vawana Mweya Mutsvene,” ndokubva Mwari vaenda kure chaiko ndokukusiyai makagara pamuri.

164 Chii chakaitika kwamuri imi maOneness? Makawana rubhabhatidzo, Zita raJesu. Mukaita dzidziso kubva mazviri, mukazvipatsanura kubva kune zvimwe zvaCho, zvino Mwari vakabva vafamba vachienda ndokukusiyai makagara ipapo. Ndizvozvo.

165 Chii chakaitika kwamuri veAssembly of God, General Council yakare? Makaita sangano kubva mune renyu, zvino Mwari vakabva vafamba vachienda ndokukusiyai mugere. Uye zvino hamusi chinhu kunze kweboka rakatonhora, rehurongwa sezvakaite vamwe vese.

Zvino Shongwe yeMoto inofambira mberi. Hareruya!

. . . matafura ese azere nemarutsi . . .

166 Tarisai Chirairo chaShe. Handiti, ivo kunyange . . . Ndaive pane imwe nzvimbo yavanotora rofu rechingwa chakare. Uye chingwa chacho chinofanirwa kugadzirwa nechingwa chisina mbiriso. Zvino vanochigamuchidza kuvatadzi, vasvuti vefodya, zvipfeve, pfambi, chero bedzi vaine zita ravo mubhuku.

167 Uye imi maBaptisti munotochidaidza kuti chirairo “chakavharwa.” Zvino, imi maBaptisti munoita ruzha zvisihoma, Mwari vachabvisa nyanga yenyu. Ndizvozvo chaizvo, hamuzokwanisi kuiridza. Chirairo “chakavharwa,” munozvipatsanura, munoita kunge vatsvene vanodarika vose.

Rangarirai, ino itabhanakeri yeBaptisti. Ndizvo zvamunowana, munoita sangano renyu. “Oo,” munoti, “hatisi wangano.” Hongu, muri. Zvirokwazvo, muri. Munoti, “Tiri mukuwadzana.” Hongu, kune chero munhu anouya nepamusuwo uye odzidzisa nenzira chaiyo yamunozvitenda nayo, zvakana. Asi, mumwe, imi—imi hamumuburitse kunze, asi munomudzanga kubva pakati pehukama hwenyu. Ndizvozvo chaizvo. Oo, mune nzira yekuzviita nayo. NaMwariwo vane nzira yekuzviita nayo. Asi Chechi yaMwari ichaenderera mberi. Shongwe yeMoto haimiriri izvozvo.

. . . matafura ese azere nemarutsi . . .

168 Zvino teererai. Zvino izvi zviri kuzokuvhundutsai kwechingvana bedzi. Teererai. Ndichaverenga Shoko. Ko uyu aive ani? Muprofita, Isaya.

. . . matafura ese azere nemarutsi . . . saka hapana chakachena, kungori kukwikwidzana kwega.

169 Vanouya kuchechi: vakadzi vanocheke, vanodimbura bvudzi ravo, vanopfeka zvikabudura, vanobuda kunze uye vanoona

varume vachiiya vachidzika nemugwagwa; vocheka huswa pachivanze, vasikana vadiki vanoda kunzwa mumwe munhu achiridza mheterwa yembwa huru kana yemhumhi, chero zvazvingava, munoziva, “Whet-whew!” Oo, unofunga kuti wakanaka, handizvo?

170 Nemi varume munofamba muchidzika nemumugwagwa, muine ndudu mumuromo menyu, uye uri mudhikoni pabhodhi. Unotaridzika senzombe yekuTexas yabviswa nyanga. Uye zvarado wofunga kuti uri mumwe munhu. Ndizvozvo chaizvo. Ndosaka matafura ese... Unofamba kuzitora chirairo, woita sokunge uri mumwe munhu, uye uchibiridzira nekuba nekunyepe, mukati mevhiki. Dambudziko rako ndereiko?

... matafura ese azere namarutsi... .

171 “Oo, ndinotora Chirairo chaShe. Chokwadi, tinozviita muchechi medu. Jesu akati Achatimutsa mumazuva ekupedzisira kana tikatora Chirairo chaShe.”

172 Asi, “Uyo anodya nokunwa asingakodzere, anozvidyira nekuzvinwira kutukwa, asinganzveri Mutumbi waShe. Nekuda kweizvozvo vazhinji vanorwara nekushaya simba pakati penyu, uye vazhinji vakafa,” machechi ehurongwa, ekare, akafa. Mweya waMwari wakabuda mamuri. Shongwe yeMoto haichisipo ipapo zvachose. Munoramba kupodza kwaMwari. Munoramba rumuko.

173 “Oo,” munoti, “oo, Akamuka kubva kuvakafa, munhoroondo.” Saka, ko zvokuti Iye mumwe chete nhasi, kana Akamuka kubva kuvakafa? Munoti, “Oo, hazvisizvo.” Zvino, hezvoka izvo. Mune rumuko nenzira yamunokuda, uye Mwari vanako nenzira iyo yaVanokuda.

174 Asi, chokwadi chacho ndechekuti, Bhaibheri rakati, chatinoziva iChokwadi, kuti Vaizosimbisa Shoko. “Uye zvinhu izvi zvandinaita nemiwo muchaita saizvozvo. Uye ndichave nemi nguva dzose, kusvika kumagumo enyika.” “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Ndizvo zvakataurwa neShoko.

175 Zvino sabata chii?

... matafura ese azere namarutsi... .hapana yakachena.

Ndianiko waachadzidzisa zivo?

Kwete zivo yemunyika; zivo yepamweya!

Ndianiko waachadzidzisa zivo?... ndianiko waAchaita... anzwisise dzidziso?

176 “Oo, Mwari varumbidzwe, sangano redu haritendi Izvi. Ivo havaitsigirana neIzvozvo.” ... hanyn’a nezvinotendwa nesangano rako. Ko Shoko raMwari rinotii nezvazvo? “Oo, zvakanaka, vafundisi vedu, munoziva, vakadzidza.”

Oo, chokwadi. Zvirokwazvo, vakawana dzidzo yakawanda kwazvo, vakasiya Mwari kunze kwayo. Chokwadi, nekuti unogona kuvaudza Shoko uye ivo vanofamba-famba uye voti, “Zvakanaka, handiZvitendi nenzira yakadaro.” Oo, iwe chinhu chakawota! Rega ndikuudze.

177 Tarisa pano.

...ndianiko waachaita...dzidziso inozivikanwa?
avo *vakarumurwa* pazamu, uye...avo *vakarumurwa*
pamukaka, vakabviswa pamazamu.

178 Rimwe zuva, muvakidzani wangu akauya. Akati, “Billy, mumwe mufundisi muno muguta, munhu mudiki akaisvonakisa wawakamboona...” Akati, “Mudzimai neni takanga takagara zvedu takapfeka mapijama edu, pangaita pakati pehusiku, zvino mufundisi uya mudiki akamhanyira mukati zvino iye—iye—iye akanwa kofi nesu ndokuenda kune imwe imba yemuvakidzani, ndokukwasisana maoko navo. Vakanga vachiita mutambo mudiki wemakasa, zvino akagara pasi ndokutamba makasa navo.” Akati, “Oo, aive muchinda mudiki aianana nevamwe zvakananyisa wausati wamboona.” Akati, “Oo, tinomuda. Hataimbomubvisa pasina.”

179 Ndakamira ipapo zvisvishoma, ndikafunga, “Saka?”

180 Akati, “Oo, haufunge here kuti chechi yega-yega inoda murume akadaro?” Huh! Handina kukwanisa kupindura izvozvo. Akati, “Mune imwe nzvimbo diki,” akati, “vaive nenzvimbo yakanaka kwazvo yakadaro. Mushumiri uyu nemudzimai wake, vanhu vakanaka, vakabuda ndokunoshanda nevana zvakananyanya kusvikira vakave nechikoro chebha—Bhaibheri.” Uye akati, “Vaingova nevakanaka, vakangozadza nzvimbo yacho nevana vadiki vakawandisa.” Akati, “Ini zvangu, anokwanisa kutaurira mhando dzese dzetunyaya tudiki kuvana vadiki.”

181 Ndikati, “Zvakanaka. Zvakanakisa kwazvo.”

182 Ndakadzokera. Ndanga ndichangobva kuCanada. Ndakafunga, “Hepano pandiri. Ini zvangu! Vanhu... Dambudziko rangu nderei? Handiiti izvozvo.” Ndakaenda kunogeza mota yangu. Ndakafunga, “Mwari, ndava kuve harahwa, zvino hezvinoi ndiri pano. Ndakarwa. Ndakachema. Ndakakumbira. Zvino chero chinhu chandinowana kumhurwa kukuru.”

183 Chero chipi zvacho, rega mumwe munhu ataure chimwe chinhu chakaipa pamusoro pako, “Oo, muumburuki mutsvene wakare,” chimwe chinhu chakadaro.

184 Ndakafunga nezvazvo. Zvino Izwi rakauya kwandiri, rikati, “Varume ivava zvavari kuita zvakanaka kana vari kuita izvozvo, asi haNdina kumbokudana kuti uite izvozvo. Ndakakudana kuti utore Munondo uye womira ipapo saJoshua

wopikisa, hama. Kwete zvekuswerotamba neimwe sosaiti yakare kana rimwe sangano rechechi, asi kupikisa dhiyabhore. Mira kumberi, woita zvakanaka zvive zvakanaka, uye zvakaipa zvive zvakaipa. Paridza Shoko uye ugoona kuti ndiani ane kutenda kwekuRitenda. Riradzike kunze ikoko.”

¹⁸⁵ Ndakasvika pakukurumidza pamota iyoyo, nguva yese, ndichiigeza. Ndakati, “Ndinokutendai, Ishe. Ndinokutendai, Ishe.” Ndakanzwa zvakanaka ipapo. “Zvakanaka, Ishe, ndicharibata zvakawedzera kusimba zvishoma, uye ndinoda kufa naRo muruoko rwangu.”

. . . ndianiko wandinogona kuzivisa *dzidziso?*
(Teerera.)

. . . *matapura azere nemarutsi . . .*

. . . avo *vakarumurwa pamukaka*, nokubviswa *pazamu*.

Zvino tarirai.

Nekuti chirevo seicho pamusoro—pamusoro pechirevo, chirevo pamusoro pechirevo; . . . mutsara pamusoro pemutsara; apa zvishoma, napapo zvishoma:

Nemiromo inokakama uye nedzimwe ndimi ndichataura kuvanhu ava.

Kwavari zvakanzi, Iri ndiro sabata ramuchaita kuti *vakanela* vazorore; . . . izvi ndizvo zvinovandudza: *asi vakaramba kuteerera*.

Nekuti shoko raJEHOVHA rakauya *kwavari* (Mumwe munhu akaRiparidza.) *chirevo pamusoro pechirevo, . . . pamusoro pechirevo; mutsara pamusoro pemutsara, . . . pamusoro pemutsara; apa zvishoma, napapo zvishoma; kuti vaende, vawe nenhenda shure, uye vatyoke, uye vabatwe nomusungo, uye vatorwe.*

¹⁸⁶ Zororo chii? Zororo rakauya riinhi? Vanhu pavakataura nedzimwe ndimi uye vaine miromo inokakama. Miromo inokakama; havana kutaura chinhu. Vakakakama. Zvakaitika riinhi? Nezuva rePentekosti, pakauya Mweya Mutsvene. Ndiro Zororo: Mweya Mutsvene. Jesu akati, “Huyai kwaNdiri, imi mose makaneta uye makaremerwa, uye ndichakupai Zororo. Ndichakupai Hupenyu, Hupenyu Husingaperi,” *Zoe*, Hupenyu hwaMwari pachavo. Mwari vanopinda mauri uye vova chikamu chako. Vanokupa kuberekwa uye vokuita mwanakomana nemwanasikana.

¹⁸⁷ Zvino tarisai. Ndiro raive zororo rechitatu raVakapa. Rekutanga: Mwari vakarigamuchira, kubva pabasa raVo. Rechipiri: Israeri yakarigamuchira, mumurairo. Rechitatu: Chechi yakaRigamuchira, sechikamu chaMwari.

188 Nhamba yetatu ndiyo nhamba yehupenyu. Vangani vanozviziva? Pese paunoono nhamba yetatu, hupenyu. Cherechedzai, Mwari pavakasika nyika, nezuya rechitatu pakave nehupenyu. Vangani vanozviziva? Zuva rechitatu. Kwakauya hupenyu pazuva rechitatu rekusika.

Hutatu: Baba vaive pamusoro pevanhu, muShongwe yeMoto; Mwanakomana aive Munhu, Aitaura nevanhu nekuvagadzirira; Mweya Mutsvene waive danho rechitatu, uyo waiva Mweya Mutsvene, Mwari ari muvanhu. Hupenyu! Baba, Mwanakomana . . .

Zororo, raMwari; zororo, reIsraeri; neZororo, reChechi, kuchengeta sabata.

189 Saka, kana usati wambogamuchira Mweya Mutsvene, nazvino, hausati wambopinda muZororo raMwari. Haufanire kuti, “Oo, handimbokwanisa. Ndinoda kuputa. Ini—ini handingatombokwanisa kuzviita; Ndiri Mukristu. Zvechokwadi handidi kunwa, asi ndiri Mukristu. Handingokwanisi, handidi kunwa, asi zvakadaro ndinoda.”

190 Kana uchichiva vakadzi, kana ukaita zvinhu zvese izvi zvisina humwari, hauna kumbobvira wasvika panguva yeZororo iroro nazvino. Hausati wambopinda muZororo rako.

191 Uye paunopinda muZororo iri, unorega kuita mabasa ako pachako enyika, sezvakaita Mwari kubva pane aVo. Sei? Uri chikamu chaMwari. Unozorora, Nokusingaperi. Hezvoka izvo. Ndiyo Sabata. “Huyai kwaNdiri, imi mose makaneta.”

Nhasi, akatara *rimwe zuva*, . . . mushure *menguva yakareba zvakadai*, muna Dhavhidhi; . . . pamunonzwa *inzwi rake, musaomesa moyo yenyu*.

192 Shoko rimwe bedzi kana mamwe maviri pano zvino, tozovhara.

Nekuti uyo wakapinda muzororo raKristu, . . .

Huyai kwandiri, imi mose makaneta uye . . . makaremerwa . . .

. . . mazorora pamabasa enyu, saMwari pane ake, nezuya rechinomwe.

Rako rinogona kunge riri pagore rechimakumi matatu, gore rechimakumi mana, gore rechishanu, chero zvaringava. Wamira kubva pamabasa ako, sezvakaita Mwari kubva pane aVo, Nokusingaperi. Hauchadi zvachose zvinhu zvenyika. Nyika yakafa kwauri.

193 Zvino, ndima 11 zvino, nepedyo.

Naizvozvo ngatishingaire kuti tipinde muzororo iroro, (kwete iri, kwete iri, asi Rino iri), pada mumwe munhu ozowa achitevera muenzaniso mumwe chetewo wekusatenda.

194 Chii ichocho? Shongwe yeMoto iri pano. Mutumwa waJehovha anesu. Ari kuita zvinhu zvimwe chete izvo zvaAkati Aizoita. Uye vanhu vanogumburwa, vachiti, “Oo, saka, ndinofungidzira kuti Zvakanaka. Zvakanaka kwazvo. Oo, ndinofungidzira kuti Zvakanaka.” Chenjera kuti urege kuwira mumusungo mumwe chete wekusatenda. ChiZvitora nemoyo wako wese.

195 Tarisai.

Nokuti shoko raMwari (kwete dzidziso yechechi), shoko raMwari ibenyu, rine simba, . . . rinopinza kukunda munondo unocheka nekumativi maviri, (teererai), rinobaya kunyange . . . richiparadzanisa munhu wemukati, mweya, . . . mafundo nemwongo, uye . . . (teererai), uye rinonzvera mifungo nezvinangwa zvemoyo.

Chaive chii ichocho? Mweya Mutsvene unokwanisa kuuya uye woti, “Wakaita chinhu *chakati-chakati*. Uye wakaita *ichi* uye ukaita *icho*. Une mhando *iyi* yechirwere, *neicho*. Kana ukagadzirisa *ichi*, uchaita *izvo*.” Maona? Munzveri wemifungo.

196 Zvino vanhu vanoti, “Chii ichocho? Nhai, kuverenga pfungwa. Handiti, iri . . . Iye muuki.” Munoono zvandiri kureva? Inyika yakaipa, yekare yehupombwe isingazive Mwari.

197 “Ibenyu, rinonyanya kufunga, rine simba kupfuura munondo unocheka nekumativi ose, uye munzveri wemifungo nezvinangwa zvemoyo.”

Zvino, chii ichocho chinoziva zvinangwa zvemoyo? Mwari. Makati, “Saka, Bhaibheri rakati, ‘Shoko raMwari.’” Shoko raMwari ndiMwari.

Pakutanga Shoko rakanga riripo, . . . Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.

Zvino Shoko rakazoitwa nyama, rikagara pakati pedu, . . .

198 Mwari vanonzvera mifungo. Abrahamama aive nemusana wake wakafuratira, uye—uye saizvozwowo Mwari vaive nemusana waVo wakafuratira tende. Zvino Sara akaseka. Mwari ndokutendeuka, vakati, “Chii chaita kuti Sara aseke?” Munzveri wemifungo yemoyo! Ndiri kuda kuti izvozvo zvisinine zvishoma.

199 Zvino kana mhando yeshumiro iyoyo yasimuka, yakavimbiswa naMwari muzuva rekupedzisira, chii chakaitika? “Kuverenga pfungwa.”

200 Havana here kudaidza Ishe, pachaVo, “Bherizebhabhu”? Akati, “Kana vakadaidza Tenzi wemba kuti ‘Bherizebhabhu,’ zvichave zvikuru zvakadini zvavachaidza vadzidzi vaKe?”

201 Ndinokudai. Zvinongoratidza kuti mune chido chakakwana, haufanire kuuya kune chivakwa chine mhopo inofefedzwa kuti

unzwe Vhangeri. Une nzara yakakwana kuti uuye kunzvimbo yakadai. Mwari havaimbotirega tichivaka chimwe chinhu kunze kwechino. Tinochida nenzira iyi. Kanongova kadumba kakare kadiki, asi ndiyo nzira yatinokada nayo. Mwari havagari mune zvinoyevedza. Mwari vanogara mune kuzvininipisa. Tinoida seizvozvi. Tinofara kuuya, uye nemiwo, zvakare, kugara mu—munzvimbo yakadai. Hazvina mhosva kuti munopisa zvakadii, kuti unodikitira zvakadii pasutu yako itsva, rokwe rako idzva, hazvina kana mutsauko wazvinoita.

Uri kuteerera kuHupenyu Husingaperi, kuShoko raMwari rinoziva mifungo yemoyo wako. Shongwe yeMoto yakaremba pamusoro pevana veIsraeri, yakaremba pano manheru ano. Ndaigona kuzvipikisa: hapana munhu angagona kumira pano pasi pesimba reMweya Mutsvene pasina Mwari vachingomudururira chaizvo nekumuudza izvo zvaave. Ndizvozvo chaizvo. Hezvoka izvo.

²⁰² Chii ichocho? Chii ichocho? Mweya mumwe chetewo wakatungamira Vana veIsraeri kuzororo ravo, zvino vakawa nekuda kwekusatenda. Usadonha. Uno ndiwo mukana wekupedzisira. Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, Hupenyu hwakauya neipapo.

²⁰³ Kururamiswa, Martin Luther, chichiri chimiro chechinamato. Kucheneswa... Martin Luther; John Wesley; rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, Hupenyu. Kururamiswa, kutenda; kucheneswa, ndiko kushambwa; Mweya Mutsvene, ndiko kuzadzwa, Hupenyu. Kwete kuburikidza nezera rechiLutherani; vaiva naWo muchimiro. Kwete kuburikidza nezera raWesley; vaiva naWo muchimiro. Asi rino ndiro zera apo Mweya Mutsvene unouya, pachaWo.

²⁰⁴ Uye kana usati waUgamuchira, unoita sei, ungatenda zvishamiso here? Zvinотора Mwari, mauri, kuti utende. Unoita saMwari. Unoziva saMwari. Unofunga saMwari. Bhaibheri rakati muri tuvana “mwari”, tudiki. Jesu akataura kudaro. Nokuti, uri chikamu chaMwari.

Zvakangofanana nekuti ini ndiri Branham mudiki, uye iwe uri mudiki wechero-zvauri, uye nekuti vabereki vako ndiro zita ravo iroro. Hunhu hwauri ndehwekuti vabereki vako ndozvavari, nekuti wakazvarwa navo.

Uye chikonzero chekuti unotenda Mwari, uye uchitenda mune minana, nezviratidzo nezvishamiso, nekuti muri vanakomana nevanasikana vaMwari. Unogamuchira Hupenyu. Hupenyu hunouya pechitatu. Zvakanaka.

²⁰⁵ Jesu paakakwira mugomo, kwese kwaAkaenda, Akatora Petro, Jakobho, naJohane, zvapupu zvitatu. Nhamba yetatu ndiyo nhamba yeHupenyu. Mazvibata here? Rudo, mufaro, rugare.

206 Zvino, ngatiendei nekukurumidza zvino kumagumo echitsauko, nekukurumidza, tichiverenga.

Nokuti shoko raMwari ibenyu, uye rine simba... kupfuura munondo unocheka nekumativi maviri... uye richinzvera kunyange zvinangwa zvemoyo.

Uye *hakuna chisikwa* chisingazivikanwe pamberi pake: *asi zvinhu zvese zviriri...zvakarurwa pameso aiye watinofanira* kuita naye.

207 Hama, hapana nhunzi inogona kumhara pabango apo, iVo vasingazvizeve. “Zvinhu zvese zviriri pachena.” Hama, Vanoziva chinhu chose chawakamboita, mufungo wose wawakambofunga nezvawo. Ndizvo zvaVari. TinoVatenda saizvozvo.

Zvino kana Mwari vauya matiri, uye votiisa muChechi, Vanoisa zvipo nezvinhu muChechi, kuti vashandise Hunhu hwaVo. Kana Mwari vari Mwari ivavo vasina magumo, saka Vanopodza vanorwara. Vanogona kumutsa vakafa. Vanogona kuchenesa vane maperembudzi, nokuita kuti mapofu aone. Vanogona kupa zviratidzo. Vanogona kuita mhando dzese dzezvinhu izvi, vachishanda nemuChechi yaVo, nekuti ndiMwari mauri. Heyo iyo Chechi.

208 Ko chechi iyoyo inova sei Chechi, nekuIjoinha here? Kwete, changamire. Nekukwazisana maoko here? Kwete, changamire. Nerubhabhatidzo rwemumvura here? Kwete, changamire. Nekuva nhengo? Kwete, changamire. Unolwana sei? “NeMweya mumwe chete tese takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe.” Hezvoka izvo.

209 VaRoma 8:1.

Naizvozvo hakuchina zvino kupomerwa *mhosva... .*

“Hapana kupomera kwenyika.” Havagoni kukupomera chinhu.

Pane...*hakuchina* kupomerwa *mhosva kune* vari *muna Kristu Jesu*, avo vasingafambi maererano *nenyama, asi noMweya.*

210 Hezvoka izvo. Ndiyo nzira yaunoyera Chikristu chako. Ndiyo nzira yekuziva kuti wapinda muZororo iroro, nyika haichakunetsi zvachose. Zvirokwazvo. Unozviona, unofamba uchibva pazviri. Une chimwe chinhu chiri nani chekufunga nezvacho. Hezvoka izvo, “Hapana kupomerwa mhosva.” Ndiko kupinda kwatinoita muMutumbi.

211 Uye wakachengetedzwa, “Nekusingaperi.” Bhaibheri rakadaro. Tarisai kuno muna VaHebheru, chitsauko 10. Akati:

Nekuti kune zvipiriso zvemabhuru uye nechibairo, *yeuchidzo* yakaitwa yezvivi *gore rimwe nerimwe.*

Asi murume uyu...kuburikidza *nechibairo chimwe chete...*

Ngarikudzwe Zita raVo dzvene!

Nekuti nechipiriso chimwe chete wakakwanisa nekusingaperi . . .

²¹² Hareruya! Kwete parumutsiro rwunotevera, asi *nekusingaperi*. “Zvinhu zvakare zvapfuura; uye zvinhu zvose zvava zvitsva.” Tiri kufamba muChiedza, Chiedza chakanaka. Shiri dzinoimba zvakasiyana.

²¹³ Akagara pano, ndakatarisa chidhakwa chidiki ichi, angava makore mashanu apfuura, ndinofungidzira. Rosella, ari chiremwaremwa chine maziso emupengo, achifamba achidzika nemigwagwa yemuChicago, akadhakwa, achimonyoroka, achifamba achipinda mumhando yechivi chose chaivapo, akadhakwa nezvose zvaaigna kuva. Zvino humwe husiku, Mweya Mutsvene, uri mupenyu uye une simba kupfuura munondo unocheka nekumativi ose, wakati, “Mudzimai, uri chidhakwa.” Hareruya! Kana vasiri Mwari vamwe chetevo vaive kumashure uko, vakaziva kuti Sara akaseka seri kwaVo, handizive zvaVari.

²¹⁴ Kumusoro muungano kune mumwe mukadzi mudiki akaenda ndokunotori, uye akaunzwa mukati imomo, ndokuti, “Wakasungwa nezvinodhaka.” Kunzvera kwaAnoita mifungo yepfungwa!

²¹⁵ Zvino vafundisi vakuru vepamusoro-soro vakagara ipapo, vane huvhangeri hwepasi rose, nemaoko avo akapetwa kumashure, vakapfeka maT-sheti, vakafunga kuti hativazive, sekuti vaigona kugara pasi mumusanganano wakadaro zvino Mwari vorega kuzozarura here kuti vaive vanaani. Vakagara ipapo, vachitaridzika zvakasiyana, sekunge vaive mumwewo munhu. Mweya Mutsvene waiziva kuti vaive vanaani. Zvino vakagara ipapo, mumoyo yavo, vakafunga kuti kwaive kuverenga pfungwa. Vasingazive zvakananda nezvaMwari kupfuura zvingazivikanwe nemuHottentot nezvehusiku hwemuEgipita. Ndizvozvo chaizvo. VanoZviziva netsamba, asi kwete neMweya. “Tsamba inouraya, asi Mweya unopa Hupenyu.” Ndizvozvo. Ndiyo pfungwa yacho. “Mupenyu, une simba kupfuura munondo unocheka nekumativi ose, Munzveri wemifungo yemoyo.”

²¹⁶ Teerera. Tarisai.

Uye hakuna chisikwa chisingazivikanwe pamberi pake: asi zvinhu zvese zvakafukurwa nekuzaruka pamberi pemeso ake kwaari. . . watinofanira kuita naye.

Nekuona kuti zvatine muprista mukuru kwazvo . . . (Teerera zvino; kune vanorwara.) . . . wakapinda kumatenga, Jesu Mwanakomana waMwari, ngatibatisisei kupupura kwedu.

217 “Kubatisisa,” hazvireve kungoramba uchipupura. Kana usingararami hupenyu, hauubatisise; uri kurarama chinhu chehunyengeri. Uri . . . Zviri nani ubude pachena uye ungoti uri mutadzi zvino wokanganwa nezvazvo. Usazviti muKristu, uchirarama zvimwewo; uri chigumbuso chikurusa chati chambova panyika. Kana uri mutadzi, zvibvume uye, woenderera mberi, wozvigadzirisira naMwari. Kana uri Mukristu, batisisa kupupura kwako, wogara ipapo.

218 Tarisai izvi zvino. Ndiri kuda kupinza izvi tisati taenda.

Nekuti hatina muprista mukuru usingagoni kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu; asi akaedzwa pazvinhu zvese senge . . . zvatiri, asi asine zvivi.

Teerera!

Naizvozvo ngatiswederei nekushinga kuchigaro chehushe chenyasha, kuti tikwanise kuwana ngoni, uye tiwane nyasha uye tibatsirwe mungwa yakaoma.

Ngarikudzwe Zita raMwari!

219 Teerera, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani. Muchandibvunza mubvunzo uyu, “Abrahama akatenda Mwari, zvikanzi kwaari kururama.” Ndinoziva. Ndiko kwamunogara muchienda. Ichokwadi. “Chii chimwe chingaitwe nemunhu kunze kwekutenda Mwari?” Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo zvoga zvaanogona kuita. Asi kana Mwari vacherechedza kutenda ikoko, Vanokupa Mweya Mutsvene.

220 “Zvino ndinoitei, Hama Branham? Ndinoshvedzera here?” Hazvina basa. “Ndinotaura nendimi here?” Hazvina basa. Unogona kudanidzira uye nokutaura nendimi, zvese, uye unge uchiri kurarama sekunge—sekunge muhedheni, uye uchiri kuchiva vakadzi. Unogona kunge uchiputa nekunwa, nezvimwe zvese. Ndakaona vanhu vachitaura nendimi, uye vobuda kunze chaiko zvino vonoita rimwe bhindauko rakanyanyisa kusviba, rine chitsotsi randakamboona. Ndakavaona vachishevedzera, vachichema misodzi yegarwe, uye vachiba chero chinhu chaunowana. Ndakavaona vachifamba kunze, uye musikana wese anodzika nemugwagwa, vanocheuka. Uh-huh. Ndicho chiratidzo chimwe chakanaka chekuti hauna kuUwana. Ndizvozvo chaizvo.

221 Asi, hama, kana wapfuura kubva murufu kuenda kuHupenyu, zvinhu zvese izvozvo zvinova zvakafa, uye uri chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. Kana ukaona chimwe chinhu chisina kunaka, unochinamatira, “Mwari ivaiwo netsitsi.” Uye kana ukaona matambudziko, pachinzvimbo chekuenda uchiita makuhwa, nekuyedza kuti zviwedzere kutoshata, unoadza kusvika kumunhu wacho uye wozvigadzirisira, nekuzvinyaradza nekukurumidza chaiko. Ndiwo Mweya waMwari uri mauri.

222 Kana ukaita mhosho? Unotongodziita. Ukaita mhosho, unoigadzirisa nekukurumidza chaiko. “Usarega zuva richivira pakutsamwa kwako.” Ndiwo maziviro aunoita kuti wakapfuura kubva kurufu kuenda kuHupenyu, une rudo, rugare, mufaro, kutsungirira, runako, hunyoro, moyo murefu. Tine Muprisita Mukuru agere Kudenga, akagadzirira kureverera pane kupupura kwedu. Chii ichocho? Ndeapo Jesu akadzokera kuRogosi, Shongwe yeMoto yakatungamira vana veIsraeri, akagara muHupo hweavo vakuru, chitubu, muraraungu weZviedza zvakabuda, Mweya minomwe yakakwana, Mweya wakakwana werudo.

223 Zvino tarisai. Rwekutanga rudo *rwakakwana*, ndirwo rudo rwaMwari, rwakachena uye rusina kusvibiswa. Rwunotevera, kunouya imomo, rudo *rwefirio*, ndirwo rudo rwaunarwo kumukadzi wako nevana vako. Rwunotevera, rwunodzika mushure meirworwo, ndirwo rudo *rveruchiva*. Rwunotevera rudo *rusina humwari*. Uye rwunongoramba rwuchidzika kusvikira rwave *tsvina*, rwuchingoramba rwuchitsveyama, nokutsveyama.

224 Uye zvinhu zvese zvine mavambo, zvine magumo. Uye zvese izvo zvichabviswa, uye posava nekurangarirwa kwazvo, zvachose, zvino zvozodzoka chaiko kune chakakwana, rimwe zuva. Uye nzira chete...Haugone kumira zasi apa, pakati penzira, wosvika kumusoro *kuno*. Unofanira kunge urimo nzira yose, uchivimba, wakazorora zvizere muruponeso urwo Jesu Kristu akapa kwauri, nekutenda.

225 Kune mweya wekuvimbika uyo unobva kuna Mwari. Ndicho chitubu, chitubu chaMwari. Ndiko kuvimbika. Anotevera murume anoita “chiito chakanaka” kumuvakidzani wake. Anotevera ndiye muchinda, “unofanira kumutarisa.” Anotevera ndiye muchinda, “iyeye imbavha.” Anotevera ndiye muchinda, “iyeye imhondi,” mira. Munoono kutsveyama kwazvinoita, zvichiramba zvichidzika zasi? Asi zvinhu zvese izvozvo zvinotaura nezve chechokwadi.

226 Ndizvo zvandinotaura. Pese paunoono munhu ari... Unoono vaviri vakaroorana vadiki vachifamba vachidzika nemugwagwa, vanhu vanodanana, pamwe vane makore makumi masere ekuberekwa. Zvinotaura bedzi kuti Kudenga kune vaviri vechidiki vanovamiririra, Kudenga. “Kana tabhanakeri ino yevhu yaparara, tine imwe Uko.”

227 Kana ukaona murume ari kubiridzira, kuba, kunyepa, ingorangarira, chikamu chake chakamumirira kugehena, iye, nzvimbo yake kwaachatambudzwa muHupo hwaMwari neNgirozi tsvene, nemoto nesurufu. Achatambudzwa ikoko. Kwete narinhi, haagone kutambudzwa narinhi, narinhi hazvireve yese, zvenguva dzese. Ziyendanakuenda rinogara narinhi, Ziyendanakuenda ndiro...harina mavambo kana

magumo. Asi *narinhi* ndicho “chikamu chenguva.” Bhaibheri rakati, “Narinhi na,” chibatanidzo, “narinhi.” Jona akati aive mudumbu rehove “narinhi.” Chikamu chenguva.

228 Asi, tarisai, kune Hupenyu Husingaperi humwe chete, uye ndiMwari. Zvino kana uchazotambudzwa narinhi, uye usingafi, une Hupenyu Husingaperi. Haugone kutambudzwa narinhi. . . Unogona kutambudzwa kwemamiriyoni zana emakore, muHupo hwaMwari neNgirozi tsvene, nemoto nesurufuri. Handizivi kuti zvakatarwa kwenguva yakareba sei. Asi pakupedzisira zvinofanira kusvika kumagumo nekuti zvaive nemavambo. Zvino Mwari voga ndivo vane Hupenyu Husingaperi. “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, nekutenda kuna iYe wakaNdituma,” haana hupenyu hunosvika *narinhi*, “ane Hupenyu Husingaperi.” Hupenyu ihwohwo hunotanga, kwete nechimwe chinhu *pano*. Asi nzira yose kumusoro Uko, Hupenyu Husingaperi, *Zoe*, Hupenyu hwaMwari pachaVo hunodzika pasi uye hwogara mumunhu, uye ndewe muna Ziyendanakuenda naMwari, uye haagoni kufa. Ndozvakataurwa neShoko racho.

229 Chingozvifungai. Kune Hupenyu Husingaperi huviri here? Hawaikwanisa kupindura izvozvo, waikwanisa here? Kune Hupenyu Husingaperi humwe chete, uye ndihwo Hupenyu hwaMwari. Imwe mhando iyi yehupenyu, zvisinei kuti chii, hune magumo kwahuri. Uye chero chinhu chakava nemavambo chine magumo. Asi chero chinhu chipi chainge chisina mavambo hachina magumo. Zvino Mwari vakati vaizotipa Hupenyu Husingaperi, husina mavambo, takangoitwa chikamu chaVo. Uye chaizvoizvo Hupenyu huri matiri, hauna kuunzwa pano nemasikirwe emunhu. Masikirwe anotipa mweya, asi mweya iwoyo wakafa, zvino takawana Mweya waMwari. Kubwinya kuna Mwari!

230 Mwari vaive munhu here? Zvirokwazvo. “Ngatiitei munhu nemufananidzo weDu pacheDu.” Mwari vaive chii? Tiyo fani, mutumbi. Uye ipapo munhu akagadzirwa saizvozvo ndokuiswa pamusoro pebindu. Asi pakange pasina munhu wekurima ivhu, ari mupfungwa dzenyama. Ndokubva Vasika munhu kubva muguruva renyika, muhupenyu hwemhuka, zvino munhu iyeye akarima ivhu. Zvino munhu akadonha, nekudarika. Chaizvoizvo. Zvino Mwari, Tiyo fani, vakadzika uye vakaitwa nyama uye vakagara pakati pedu, kuti vadzikinure munhu.

231 Saka hazvisi izvo zvaungaite. Uri mutadzi, kutanga kwacho. Wakaumbwa mukusarurama. Wakaberekerwa muchivi, ukauya panyika uchireva nhema. Wakaberekerwa pano munyika ino kubudikidza nechishuwo chekusangana kwababa naamai vako. Uye wakangonanga kugehena sezvaungagona kuva, handina basa nezvaunoita. Unogona kusanyepa, kuba; uchichengeta mirairo yose, uye nezvimwe zvese; zvino unoenda kugehena, sekashiri kudendere rako. Asi nzira chete yaungagone kurarama

zvakare, kugamuchira Mweya Mutsvene, Hupenyu Husingaperi hwaMwari.

²³² Chii chakaita kuti uve zvauro? Pakutanga, Mweya Mutsvene pawakavhumbamira pamusoro penyika, pakange pasina kana chinhu kunze kwakuputika kwebota rematombo akanyungudika. Ruva diki reEsta rakauya. Mwari vakati, “Rinotaridzika zvakana kwazvo. Ndokungoramba uchivhumbamira.” Maruva akabuda. Huswa hukabuda. Miti ikabuda. Shiri dzikabhururuka kubva muguruva. Mhuka dzikauya. Munhu akauya.

²³³ Zvino, zvakaitwa sei? Nekuvhumbamira kweMweya Mutsvene, kuchiunza zvinhu izvi pamwe chete, potashi, calcium; zvichigadzira maruva, zvichigadzira mhuka, zvichigadzira iwe.

²³⁴ Uye zvino, iwe une sarudzo yakasununguka. Mwari vanovhumbamira zvakare kwauri, voti, “Inzwa Inzwi raNgu? Usaomesa moyo wako, semumazuva ekutsamwisa.” Heunoi Achidzika pasi, achiparidza Shoko.

“Vhangeri rakaparidzirwa kwavari rakanga risiri . . . vaisava nekutenda maRiri, saka haRina chakanaka charakavaitira.” VakaRinza, asi havana kuRitenda.

²³⁵ Mwari vakaburuka pasi. Vakavaratidza Shongwe yeMoto. Vakaridzira kuburikidza nemuporofita waWo, zviratidzo nezvishamiso, Vaive naye. Havana kuZvitenda. Oo, vaifarira kuona mashura. Vaifarira kunzwa muporofita. Asi zviratidzo zvekuRitenda, havana. Hupenyu hwavo hunoratidza kuti havana.

²³⁶ “Zvino,” Vakati, “musawire mumuenzaniso mumwe chetewo wekusatenda.” Nekuti muzuva rino rekupedzisira, kuchechi yeMarudzi, Mwari vakaonekwa zvakare; chiratidzo chimwe chete, chishamiso chimwe chete, Shongwe yeMoto imwe chete, yakasimbiswa, ikaratidzwa. Ngatiregei kuomesa moyo yedu uye towira mumuedzo uya wekumashure uko, wekusatenda, nekuti tinoorera panyika uye ndizvo zvichava zvose hazvo.

²³⁷ Zvino kana Mweya Mutsvene uchigogodza pamoyo wako, [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti] “Mushure menguva yakareba zvakadai, kana ukanzwa Inzwi raNgu, usaomesa moyo wako.” Woti, “Mwana waNgu, ichi ndicho Chokwadi.” Usatarise mutumwa. Teerera kuMharidzo. Itende. “Usaomesa moyo wako, sepamazuva ekutsamwisa.”

²³⁸ Paanonzwa Inzwi reNyu, “Usaomesa moyo wako.” Ipapo unoti, “Hongu, Ishe, ndinotenda.” Unobva wapinda muHupenyu, Mweya Mutsvene unopinda mauri. Mweya wako wekare unofa, unokuita kuti uchive nekuvenga, uye nepfini neruvengo, ne—neruvengo pamwe nezvinhu zvese izvozvo, zvinofa. Uye unozara nerudo, mufaro, rugare, zororo. Hazvina mhosva kuti mhupo dzinovhuvhuta sei, zvakaringana.

Hoko yangu inobata mukati mechidzitiro;
 Nemudutu rose rine mhepo dzakasimba
 kwazvo,
 Hoko yangu inobata mukati mechidzitiro.
 Nokuti pana Kristu, Dombo rakasimba,
 ndinomira;
 Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza.

²³⁹ Hezvoka izvo. Eddie Perronet, paakanyora rwiyo rwuya rwakakurumbira. Dzimwe nzvimbo dzese, masangano ose, zvitendwa zvole, dzidziso dzese, zvinotsakatika. Kristu!

Unoti, “Zvakanaka, ndinoziva Bhaibheri.” Hauna Hupenyu nekuziva Bhaibheri.

“Ndinoziva katekazi yangu.” Hauna Hupenyu nekuziva katekazi yako.

“Nhai, ndiri Mukristu.” Hauna Hupenyu nekuzviti uri Mukristu.

²⁴⁰ Une Hupenyu nekuMuziva. KuMuziva, une Hupenyu. “Zvadaro unobva wapinda muZororo raKe. Unomira pamabasa ako, sezvakaita Mwari pane aVo.” Unoitwa mwanakomana waMwari, mugoverani waMwari. Uye kana iwo—kana iwo Mweya Mutsvene ukakukwezva, uye iwe wokwezva kwauri woti, “Hongu, Ishe,” kana ukadana.

²⁴¹ Wodana, “Huyai kwaNdiri, imi mose makaneta uye makaremerwa. Ndichakupai Zororo.”

²⁴² Uye iwe woti, “Aa, ndiri mudiki. Ndine... Oo, mufundisi wangu haadaro... Zvese zvandinofanira kuita...” Maona? HauzomboUwane.

²⁴³ Asi kana ukati, “Hongu, Ishe wangu. Ndinonzwa Izwi reNyu. Handiomese moyo wangu. Handina basa, Ishe, IShoko renyu uye ndinoKutendai. Nditorei, Jesu, ‘Sezvandiri, pasina chikumbiro chimwe chete, asi kuti Ropa reNyu rakadeurirwa ini. Uye ipapo ndichavimbisa, “Ndichatenda.” O Gwayana raMwari, ndouya.” Isa maoko ako pamusoro pemusoro waKe uri kufa, woti, “Ishe, ndiri mutadzi, uye Makadanidzira kwandiri.”

²⁴⁴ “Vose Baba vavakaNdipa vachauya kwaNdiri, uye Ndichamumutsa pamazuva ekupedzisira.”

²⁴⁵ “Hongu, Ishe, ndinouya. Handiomese moyo wangu, sezvavakaita pakutsamwisa, ndinotenda zvechokwadi.”

²⁴⁶ Zvino chii chaAnozoita? Anokupa Hupenyu hwaKe, Zoe, Hupenyu Husingaperi. Uye kana Mwari vakakwanisa kutimutsa kubva muguruva renyika, kwatakabva... Takabva muguruva here? Zvinhu zvese zvamunoona, zvinobva muguruva. Uye kana Mwari vakagona kundiita zvandiri nhasi, ndisina kana sarudzo; nekungoda kwekuti chishuwo chaVo chaive chekuda kundigadzira, nekundipa mukana wekutarisa Karivhari uye

ndigoita sarudzo yangu; uye ndakaita sarudzo yangu uye ndikatenda maVari; zvichava zvikuru sei paVachandimutsa! Kana Vakandiita zvandiri, ndisina sarudzo, zvino ndakatora sarudzo ndikaVapinza mukati; paVakaisa maoko aVo pachaVo, uye vakapika Vomene, kuti Vaizondimutsa nezuva rekupedzisira. Ndichanyatsozorora nekugutsikana.

²⁴⁷ Ndine Zororo, kwete nekuti ndinonamata neSvondo, kwete nekuti ndinonamata nesabata. Izvozvo hazvinei nechekuita nazvo. Ndinonamata nekuti ndapinda murugare rwaKe neZororo: rugare, zororo, rudo, mufaro. Regai madutu asimuke; hoko yangu yakabata.

²⁴⁸ Une chiitiko ichocho here, manheru ano, shamwari yangu yakagara pano mutabhanakeri ino iri kupisa? Hauna kuuya kuzondinzwa. Kwete. Wauya kuzonzwa Shoko. Teerera, shamwari yangu.

²⁴⁹ Zvino kana usina Zororo iroro, unokwanisa kuRiwana izvozvi. Hausungirwe kuuya kuno kuartari. Gara ipapo pauri. Iva nekuperera, uye woti, “Kristu, chingotaurai kumoyo wangu. Ndinoziva kuri kupisa. Ndiri—ndingori ndakazara nedikita kwese, ndadikitira. Handisi muchinhano chakanaka. Asi, Ishe, zvirokwazvo, ndinogona kunge ndiri kudikitira nemarwadzo, anodarika aya, kusati kwaedza.”

Uye chiremba anogona kuzungudza musoro wake, oti, “Kukundika kwemoyo. Aenda.” Zvozodii?

²⁵⁰ Zvozodii? Kana Bhuku guru ravhurwa, zvozodii? Makanzwa rwiyo rwuya, *Zvozodii?* “Kana avo vakaramba Mharidzo, vachazokumbirwa kuti vape chikonzero, zvozodii?” Zvozodii? Funga nezvazvo zvino, zvakadzama chaizvo.

²⁵¹ Tichikotamisa misoro yedu, funga nezvazvo.

Kana uyo ari kuramba Mharidzo ino manheru
ano,
Achakumbirwa kuti ape chikonzero—
Zvozodii?

Zvozodii? Zvozodii?
Kana Bhuku guru ravhurwa, zvozodii?
Kana avo vari kuramba Mharidzo ino manheru
ano,
Muchazokumbirwa kuti mupe chikonzero—
Zvozodii?

²⁵² Baba veKudenga, izvi zvese zviri mumaoko eNyu zvino. Heino Sabata yechokwadi igere pamberi pevanhu. Heuno Mutumwa waMwari, kwemakore mashoma apfuura, akaputitsa achipotera pasi rese. Vatsoropodzi nezvimwe zvese zvakadaro, vakaedza kuIpomera. Asi, nguva dzese, MunoZviratidza kuva Mwari.

253 Nyika yesainzi, nyika yemachechi; mapofu here, Ishe? Zvichida pane mumwe ari muno manheru ano angade kugamuchira kuona kwake, wofambira mberi, uye orega kuedza Mwari, sepamazuva ekutsamwisa; kwete kuedza kuVaedza, nekuva wakanaka neSvondo, kana kuchengeta rimwe zuva, kana kune chimwe chitendwa, kana kuva nhengo yeimwe chechi. Asi angada kubuda kunze odzingiswa, pamoyo, uye ogamuchira Mweya Mutsvene. Zvino vanoMuda. Nokutenda zvino, vari kuedza kuMugamuchira mumoyo mavo. Vari kuedza kuti vawane nyasha neMi, Ishe.

254 Oo, vanogona kunge vakataura nendimi. Vanogona kunge vakashevedzera. Vachiri nehasha dzakare dzimwe chete. Vachine pfini-pfini yakare imwe chete. Vachiri kutaura makuhwa uye nokutaura, nekuita zvinhu zvavasingafanirwe kuita. Havazvidi, Ishe. Zvozodii, kana Bhuku guru riya ravhurwa, rakati, “Vakadaro havapinde muHumambo”? “Naizvozvo ivai vakakwana, sezvo Baba venyu vari Kudenga vakakwana.” Chero chipi zvacho chisina kukwana hachipinde. Vari kuvimba zvizere here, manheru ano, mune akarovererwa? Kana zvisina kudaro, Ishe, dai vakaita “hongu” iyoyo yemuna Ziyendanakuenda izvozvi.

255 Iti, “Ishe, ini. . . Pasina manyawi, asi ndinongonzwa Chimwe chinhu pakadzika mumoyo mangu, kuti Chimwe chinhu chiri kundiudza, ‘Ndinogona kuzviita izvozvi, kubudikidza nenyasha dzeNyu. Uye ndave kuKugamuchirai seMuponesi wangu pachangu. Ndiri—ndiri kuramba zvinhu zvese zvemunyika, uye ndinoda kupinda muZororo reNyu. Uye ndinotenda kuti ndiri kutozviita izvozvi. Ndinotenda kuti Mweya Mutsvene uri kundiunza munzvimbo iyoyo chaimo.”

256 Apo musoro wese wakakotamiswa. Pane here chero munhu ari kunzwa nenzira iyoyo izvozvi? Simudza ruoko rwako, “Mweya Mutsvene uri kundiunza zvino munzvimbo iyo yandisingazotaure makuhwa zvakare.” Mwari vakuropafadzei. “Handizoite zvinhu zvacho. Hasha dzangu dzaenda. Ndinogona kurarama murunyararo nemurufaro nemukutsungirira, kubva iko zvino. Ndinotenda kuti Mwari vari kutaura neni iko zvino, kuti ndinogona kuzviita kubva panguva ino zvichienda mberi, nenyasha dzaVo.” Mungasimudza maoko enyu here? Mwari vakuropafadzei. Mwari varopafadze mudzimai wechidiki. Mumwewo munhu? “Ndave kutenda zvino.”

257 UsaVaedze, semuzuva rekutsamwisa. Usafunge nekuti tinoenda kucheche musi weSvondo, kana kuchengeta sabata. Pauro akati, “Imi munochengeta mazuva kana mwedzi, kana zvimwe zvakadaro, ndinokutyirai. Murawo zvaune mumvuri wezvinhu zvakanaka zvichauya, uye usiri mufananidzo chaiwo wechinhu chacho, haungambogoni kuita kuti munamati ave akakwana.” Asi Kristu anokuita kuti uve wakakwana,

wakakwana pamberi paMwari. Anobvisa chivi chako, anobvisa kupomerwa kwauri, anokupa rudo nemufaro waKe.

²⁵⁸ Ungapinda muZororo zvino here? Mumwewo munhu simudza ruoko rwako, uti, “Ndazviita izvozvo.” Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki, neche kuno kuruboshwe rwangu. Mwari varopafadze murume agere kurudyi rwangu. Kupinda muZororo raVo, funga nezvazvo iko zvino.

²⁵⁹ Namata, “Sezvandiri, Ishe, ndisina chikumbiro chimwe chete; handina kunaka. Hapana chandinogona kuKupai, asi bedzi hupenyu hwangu hwekare, hwakasakara, huzere nezvivi. Mungandigamuchirawo here? Chenesai? Sunungurai? Nekuti, ndavimbisa kuti ndichatenda. Oo Gwayana raMwari, ndauya. Zvino ndauya, ndichitenda kuti zvino ndadarika kubva kurufu kuenda kuHupenyu. Nekuti, ipo pano muchigaro changu, ndaKugamuchirai seMuponesi wangu uye ndinonzwa rugare mumoyo mangu.”

²⁶⁰ Vashanu vasimudza maoko avo. Mumwewozve, anonzwa saizvozvo, ungasimudza ruoko rwako here? Kana usiri Mukristu, Mugamuchire izvozvi.

²⁶¹ Kana uchizviti uri Mukristu uye hauna kumbova wemhando iyoyo, uchiri mutadzi, zvisinei nehupenyu hupi iwe—iwe hwawakaita, kana maitiro aunoedza kuzviita pachako. Zvaunoita hazvigamuchirwe. Ndeizvo zvaAkaita. Kururama kwako pachako hakugamuchirwe. Kana ukarega kuputa nekungoda kwekuti wati, “Saka, zviri nani ndisiye kuputa fodya nekuti ndinopupura Chikristu,” Mwari havazvigamuchire. Kana ukarega kuchiva vakadzi, nekuda kwekungoti iwe pachako uri kuzviita kuti uzviite, Mwari havazvigamuchire. Ndechimwe chinhu chaunoita. Iwayo mabasa. Inyasha dzinokuponesa. Mwari vauya kwauri here uye vakabvisa chinhu chacho chose mauri? Ndicho chinhu chinotevera.

²⁶² Unoti, “Ndakajoinha chechi, uye saka ndakatozosiya zvinhu izvi.” Mwari havana kuzvigamuchira, hapana chaunogona kupa. Vanogamuchira chete izvo zvinopihwa naKristu. Vanokupa Hupenyu Husingaperi, uye vozvibvisa pauri. UngaHugamuchira here?

. . . kunze pagungwa rine dutu, rine mafungu,
Huya, sungirira mweya wako munzvimbo
yeZororo,
Uye woti, “Mudiwa wangu ndewangu.”

Ndasungirira mweya wangu. . .

Zvakanaka, unogona kusimudza musoro wako. Mharidzo yapera zvino. Ngatingonamatai zvino.

Handichafambi nechikepe pagungwa rine
 mafungu zvakare;
 Mhepo inoparadza inogona kutsvaira
 nepamusoro pepakadzika pane pedutu,
 rinotyisa,
 Muna Jesu ndakachengeteka nokusingaperi.

²⁶³ Munhu wese zvino, mukunamata.

Ndasungirira mweya wangu munzvimbo
 yeZororo, (Sabata.)
 Handichafambi nechikepe pagungwa rine
 mafungu zvakare;
 Mhepo inoparadza inogona kutsvaira
 nepamusoro pepakadzika pane pedutu,
 rinotyisa,
 Muna Jesu ndakachengeteka nokusingaperi.
 Vhenekerai pandiri . . .

Ingova wakasununguka. Vhara maziso ako. Uri kunzwa here
 Mweya uyo unotapira? Ndiko kunamata. Mharidzo yapera. Uku
 ndiko kunamata.

Regai Chiedza chinobva muimba yechiedza
 chivhenekere pandiri;
 Oo, vhenekerai pandiri, O Ishe, vhenekerai
 pandiri,
 O regai Chiedza chinobva muimba yechiedza
 chivhenekere pandiri.

²⁶⁴ Vangani vanonzwa zvakanyatsonaka? Simudza ruoko rwako.
 Mweya iwoyo unotapira, wakaninipa, ndiWo.

Kuva saJesu, kungova saJesu,
 Panyika ndinoshuva kuva saYe;
 Murwendo rwese rwehupenyu kubva panyika
 kuenda muKubwinya,
 Ndinongokumbira kuva sa . . .

Chingonamata.



VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHINA SHO57-0901E
(Hebrews, Chapter Four)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBHERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Gunyana 1, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org